жерсиз 14 дийқан хожалығы, патша администрациясының сол жерлерди босатыў ҳаққындағы талабын орынламады. Олар 1916-жылы Әмиўдәрья бөлиминиң начальниги тәрепинен жерден шетлетиў мақсетинде жиберилген полицияшыларына да күшли қарсылық көрсетти.

Дийқанлардың жерлерин жасырып сатыў ҳәм т.б. жоллар арқалы аўыл жерлерин талан-тараж етиўши урыў байларына да жол қойылмады. 1916-жылдың бәҳәринде Көкөзек болыслығының екинши аўылынан Султан бай тәрепинен Есбоған байға қупыя берилген аўыл жерине дийқанлар қарсылық билдирди. Он бир дийқанның басшылығында сол жерге жап қазып апарылып, егисликке айналдырылды. Усы жер ҳәм жап ҳәзирге шекем Есбоғаной ҳәм он бирдиң жабы аты менен аталады[1].

Усындай дийқанлар ҳәрекети қураллы қозғалаңға да өсип өтип отырды. 1914-жылы Шымбай участкасы Жаңабазар болыслығының бесинши аўылының жигирма дийқан хожалығы қураллы қозғалаң көтерип, Мәтмурат Бекешов деген бай тартып алған жерлерин күш қолланып қайтарып алды.

Дийқанлар танапкешлердиң қыянатшылықларына да жеделли қарсылықлар көрсетти. Усы дийқан ҳәрекетинен қәўипленген Әмиўдәрья бөлими жер-алымы комиссиясының ўәкили: «жер шегара белгилери жойылыўы себепли келиспеўшиликлер ҳәм бәсекилесиўлер келип шығады, судлық ислер жүзеге келди, ҳәтте адам өлтириўшиликлер де пайда болады», — деп хабарлады[2].

1915-жыл бәҳәрде Таллық болыслығына қараслы Қызылөзектен суў ишетуғын аўыл дийқанлары қозғалаң көтерди. Қарақум ийшаны Идиристиң Қызылөзектиң аяғын қайта бөгеўи қозғалаңға себеп болды. Қозғалаңшылар қараўыл суўшылардан бөгетти ашып бериўди талап етти. Дийқанлардың талаплары орынланбады. Қозғалаңшылар жаптағы бөгетти ашып жиберди.

Алым-салықлар төлеўден, натурал миннетлерди бежериўден бас тартыў ғалаба түр алды. Нәтийжеде, тек 1915-жылдың ақырына шекем, бурынғы жыллары өндирилмей қалып киятырған алым-салықларды

---

[1]**Төреев А.** XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қарақалпақ үлкесинде дийқанлар ҳәрекети. —Нөкис, 1991. 91-бет.

[2]**Тухтаметов Т.Г.** Амударьинский отдел (Социально-экономическое и политическое значение для Хорезмского оазиса). Нукус: Каракалпакстан, 1977. стр 56.



есапламағанда, Әмиўдәрья бөлиминде 50 процент алым-салық өндирилмей қалды. Салық өндириўдиң қыйынлығынан ақсақаллардың, болыс басқарыўшыларының буйрығына қулақ аспаў жийи-жийи гезлескен. 1915-жыл 6-октябрьде Шорахан болысы басқарыўшысы участка приставына Мырзашөл ақсақалы Бабашариповтың салық өндирилиў туўралы бир неше рет буйрығына қулақ аспағаны туўралы рапорт берген.

1915-жылы Әмиўдәрья балық қадағалаўшысы усының салдарынан пүтги балық мәўсиминде кассаға 70 сом ақша салыў итималына ғана ийе болған.

Дийқанлардың әмелдарлардың қыянатшылықларына, орта әсирлик таяқ жазасын қолланыў әдетлерине де қарсылықлары кескинлести. 1914-жылы Әмиўдәрья бөлими начальниги қозғалаңшылардың талабы бойынша, Шымбай участкасына қараслы Шымбай болысы Адилов Ибрайымды орнынан босатыўға, оның орнына Турғанды тиклеўге мәжбүр болды. Бирақ, қозғалаң пәсейиўден, Ибрайым қайтадан болыс етип тикленди.

1915-жылы апрельде белдарлар Шерим жапты тазалаў ўақытлары Саркоп ақсақалы Рахим байдың Асан Бухарбай улына таяқ урғаны ушын жәнжел көтерди. Ақсақал өзине туўған қәўиптен қорқып, жәбиркештен кеширим сораўға мәжбүр болды[1].

Солай етип, биринши жәҳән урысының басланыўы, патша Россиясының колониал езиўи күшейиўи, Асфандияр ханның патшаға урыс шығынларын төлеўи ушын ҳәрекети, алым-салықлардың көбейиўи Түркстан үлкеси Әмиўдәрья бөлими ҳәм Хийўа ханлығы қарақалпақ аймақлары халықларын көтерилис көтериўгеийтермеледи.

---

[1]**Төреев А.** XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қарақалпақ үлкесинде дийқанлар ҳәрекети. —Нөкис, 1991. 89-бет.

# 2-БАП. 1916-ЖЫЛҒЫ ХАЛЫҚ КӨТЕРИЛИСИ

## 2.1. Хийўа ханлығында Хожели көтерилиси

1916-жылы дийқанлар ҳәрекети ашық массалық қураллы қозғалысқа бағдар алды. Дәслеп қураллы дийқан қозғалысы Хийўа ханлығына қараслы қарақалпақ жеринде жүзеге келди.

1916-жылдың басларынан баслап, ашық қураллы ҳәрекет формасына өткен усы көлемли ўақыялар 1917-жылғы аўдарыспақ пенен ушласты десек те болады. Бул ўақыялар қарақалпақ үлкесиниң Хийўа ханлығына ҳәм Россия патшашылығына қараслы тәреплеринде басланса да, олардың келип шығыў себеплери бирдей десек те қәтелеспеймиз. Биринши жер жүзилик урыс жыллары үстем топарлардың мийнеткеш халықты жерден қысқы жасаў, езиўдиң формаларын арттырыў, барынша сиясий еркинликти шеклеў, колониаллық езиўди күшейтиў арқалы тыныш ҳалда услаўға умтылыўлары бул ўақыяларды жүзеге келтирди.

Халық арасында айтылып жүрген әпсаналарға қарағанда Асфандиярхан мудамы мерез кесели менен аўырыў болған. Сарай тәўиплериниң мәслаҳаты менен кеселди жазыў ушын 40 қыз жыйнап келиў ҳаққында хан хызметкерлери буйрық алды. Хожелиден 20 қыз алыўға таярлық көреди. Қызлардың ата-аналары өз перзентлерин усы шермендешиликтен қутқарыў ушын хан адамлары келместен бир күн бурын қызларына еркек кийимин кийиндирип Әмиўдәрьяның оң тәрепине Нөкиске жөнелтип жиберген. Дәрьядан өтерде қызларды еки кемеге миндирип болып, бир кемеге 16 қызды, ал екинши кемеге 4 қызды миндиреди. Әдеп 16 қыз миндирилген кеме жиберилип ол Әмиўдәрьяның қатты толқынына аўдарылып суўға кетеди. Ал екинши кеме руслар турған жағадағы адамлар тәрепинен қутқарып қалынады. Ертеңине азанда усы апатлы ҳәдийсеге байланыслы хожелишилер аза тутады. Ал ханның қыз жыйнаўшы хызметкерлери келген ўақытлары оларға тас, таяқ ылақтырып көтерилис жасайды.

Ҳикметулла ийшан тәсириндеги сарай сановниклериниң жас қызлар менен кеўил хошлық жасатыў арқалы Хийўа ханының кеселин емлеў рәўаяты Әмиўдәрьяның сол тәрепиндеги ханлық пуқараларының қозғалыўына сылтаў болды. Халық арасында халық ханның пуқарасы, қыз болса да соның қызы, өз қызына қол салған шәриятқа сыймайды, деген гәплер күшейди. Хан сарайынан шыққан рәўаяттан пайдаланыўды гөзлеп, Хийўа ханы ўәзирлериниң, ҳәтте, түркмен байларының



пуқаралардың сулыў қызларын алып кетиўлери де дийқанлардың наразылығын күшейтти.

1916-жылдың 8-январында Хожели беклигинен түркмен феодаллары тағы да қызларды зорлап алып кетиўи мүмкин, деген хабар менен Хожели қаласы, оған жақын жердеги елат дийқанлары қозғалды[1].

Ҳикметулла аталық аўылы әтирапындағы дийқанлар (Хожелиниң күн шығыс-қубласы) Бағбектиң ҳәўлиси әтирапына топланып, ески Хожели шәҳәрине қарай жүрди. Хожелиниң гөне шәҳәрине кирер жердеги Қызыл көпирдиң қасына тумлы тустан жыйналған қала ҳәм аўыл халықлары да қосылды.

Қозғалаңшылар Хожели бегиниң кеңсесине барды. Ол жерден ҳеш кимди ушырастыра алмады. Ески Хожели шәҳәри базары майданшасына жақын Сүўенли қаналы бойындағы Хожели беги Әўезжан хожаның ҳәўлисине барыўға мәжбүр болды. Олар Хожели бегиниң Юсуп ийшанның жыл садақасына кеткенлигин анықлады. Қозғалаңшылар тобын бузбастан, сол үйге қарай бет алды.

Жолшубай қозғалаңшылар ишинен Тилеўмурат кәл сыяқлы айбатлы басшылар шыға баслады. Тез арада ийшан-уламалар отырған жайдың қасына келип топланған қозғалаңшылардың «халық ғамынан өзлерин шет тутыўшы, тек ишип-жеў менен шуғылланыўшы тамақсаў әмелдарлар менен ийшан-уламалардың неге кереги бар?» - деген шаўқымлары еситилди. Қулақларына қорқынышлы сөзлер сап ете қалған әмелдар ҳәм ийшан-уламалар орынларынан өрре турып, далаға шығыўға мәжбүр болды. Олар кейиплери бузық қозғалаңшыларға абай-сиясат етиўге де батына алмады. Оларды қуры сөз бенен де қайтара алмайтуғынлығына көзлери жетти. Олардың шағым арзаларын Хийўа ханына жеткериў, талапларының орынланыўына ерисиў шәрти менен ғана қозғалаңшыларды зорға үйлерине таратты.

Қозғалаңшылар әмелдарлардың Хийўа ханы, ўәзирлери, түркмен байларының пуқаралардың намысына тийиў ҳәрекетлерин шеклеўди талап етти. Хожели бегине қозғалаңшылардың шәртин орынлаў күтә қыйынға түсти. Арзагөйлерди Хийўа ханына баслап барғаны, оның жиберген адамының кеңесин тыңламағаны ушын, Хийўа ханы тәрепинен жазаланатуғыны, ал бармаса пуқаралардың жазалайтуғыны, оны күтә ойландырды. Қозғалаңшыларға берген ўәдесиниң мүддети

[1]**Төреев А.** Қарақалпақстанда 1916-жылғы халық көтерилиси. Нөкис: Қарақалпақстан, 1967. 13-бет.

жақынласқан сайын қысынды. Қозғалаңшылар босаңсыр, деген үмити де иске аса қоймады.[1]

1916-жыл 14-январьда Хожели беги 300 — 500 адамға шамалас көтерилисшилер менен Хийўаға қарай бет алыўға мәжбүр болды. Оларға Қыпшақ, Маңғыт, Порсы, Кет, Ташқышлақ ҳәм т.б. орынлардың көтерилисшилери жолдан қосылып, олардың саны 2000 — 3000 ға жетти. 19-январьда Хийўада рус патшасы армиясы күши менен 7 адамның қамаққа алыныўы менен көтерилисшилер үйлерине тараўға мәжбүр болды. Бирақ бул ҳәрекетти үзил-кесил тоқтата алмады[2].

1916-жыл апрельде рус патшасы жазалаў отрядының басшысы Галкин көтерилистиң басшылары ретинде 11 адамды дарға асыў туўралы жуўмаққа келди. Ол Хийўа ханына да мақул түсти. Сум хабар еситкенлердиң кейиплерин өзгертип жиберди. Сонлықтан да Хожели көтерисшилеринниң басшыларын дарғазап етиў ўақытлары Хожели қаласын қамал етиў туўралы буйрық берилди. Хожели көтерилисиниң басшылары ҳәзирги қалаға кирер жердеги мектепке жақын жерге қурылған дарға асып өлтирилди.

Халық арасынан жыйналған тарийхый қосықлардың бири - «Әўезжан». Бул қосықтың тарийхы Хийўа ханы Асфандияр ханның қыз мәселесиндеги зулымлығына карсы Хожели ҳәм Маңғыт елатлы пунктлериндеги 1916-жылдың 10-январындағы халық қозғалаңын сөз етеди. Халық қозғалаңының басшысы хожелиши Әўезжан хожа бас болады. Көтерилис қатаң зулымлық пенен Галкинниң қатнасыўы менен бастырылады, басшы деп есапланған он бир адамды дарға (тарийхый дереклерде 8 адамды) асып өлтиреди. Тарийхта 1916-жыл ўақыяларын халық «Галкин жылы» деп те атайды. Дарға асылғанлардың бири Әўезжан болып, қосық соған арналған.

1916-жылғы «Әўезжан» баслаған халық қозғалаңының тарийхый дереги, шығыў себеплери туўралы тарийхшылардың мийнетлеринде[3] баҳалы пикирлер бар.

---

[1]**Төреев А.** Қарақалпақстанда 1916-жылғы халық көтерилиси, Нөкис, 1967. 25 — 26-бетлер.

[2]**Қўшжонов О., Полвонов Н.** Хоразмдаги ижтимоий-сиёсий жараёнлар ва ҳаракатлар (XIX аср иккинчи ярми – XX аср биринчи чораги). —Тошкент: Abu matbuot-konsalt, 2007. 122 бет.

[3]**Ғ.Н.Непесов.** 1920 — 1924-жыллардағы Хорезм халық Совет революциясында Қарақалпақстан мийнеткешлеринiң роли. ҚҚМБ, Нөкис, 1964-жыл. 34,43 — 48-бетлер. А.Төреев, 1916-жылғы Қарақалпақстанда халық көтерилиси. «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1967-жыл, 22 — 31-бетлер.



«Әўезжан» қосығында Әўезжанның зулымлық пенен дарға асылғанлығын, балаларының жас қалғанлығы, барлық дүнья-мүлки патшалық болғанлығын, оның халық ушын өлген адам екенлигин халық кеке түсиреди.

«Әўезжанның егип кеткен таллары,
Қыйын болды балларының ҳаллары,
Патшалық болыпты жыйған маллары,
Әрман менен шейит өлген Әўезжан.
Мал базар тийине үш ағаш қурған,
Үш ағаш бойында таўланып турған,
Беллери бир қысым медалы буўған,
Халық ушын шейит өлген Әўезжан.
Әўезжан өлгенде ерик писпеди,
Дарға асқанда аяқ-қолы испеди,
Ағайин-туўғаны көзге түспеди,
Әрман менен шейит өлген Әўезжан»[1]

Асфандияр ханның сарайға қыз жыйнаў буйрығы халықтың жанлыққа болған күшли нарийзалығын келтирип шығарды. Қыз жыйнаўшыларға халық тас ылақтырады, қызларын ерлерше кийиндирип, Омийдорьяның арқасына – рус патшалығы қол астына өткереди. Усы баса-баста бир кеме қыз суўға да кетип қалады. Ақырында халық куралды көтерилиске өтеди. «Көтерилис басланған күнлери, - дейди академик Ғ.Н. Непесов, - олар Хожели көтерилисшилери Асфандияр ханды күш пенен тахтан құлатыўды ҳәм хан қол астындағы барлық халықтың рус пукаралығына өтиўин талап етип шықты[2]. Бул жағдай соны көрсетеди, халық қозғалаңының да белгили мақсети болғанлығын, оны баскарыўшы Әўезжан хожаның да қосықтағы халықтың тəриплегениндей прогрессив характердеги адам болғанлығын көрсетеди. Әўезжанның өлимин халық «әрманлы өлим, халық ушын шейит өлген» деп оны халық жоқары баҳалайды.

Әўезжан өлипти қайда қоялы,
Ғәзийнеханаҳың аўзын оялы,
Қарасына дал бедеўди соялы,
Арзыў-әрман билен өлген Әўезжан.

---

[1]Қарақалпақ халық қосықлары. Нөкис, 1965-жыл, 358-бет.

[2]**Ғ.Н.Непесов.** Аты көрсетилген мийнети, 48-бет.

Халық қосықта Әўезжанға болған өзиниң тиккелей қатнасларын сөз етеди. Халық көтерилисиниң басшысы болған Әўезжанның өлимине естелик ретинде «Әўезжан» қосығын дөретеди, оның өзине ылайықлы намасы да болған. Халық Әўезжанның өлигин көрип, «Әўезжан өлипти қайда қоялы» деп халыққа жар салады, кеңеседи.

Солай етип, «Әўезжан» тарийхый қосығы бир әпиўайы ғана қосық болып қалмастан, 1916-жылғы Хийўа ханлығына қарсы жүргизилген Хожелидеги халық көтерилиси менен байланысады. Бул көтерилистиң себебин ҳәм оның өзгешелигин атақлы тарийхшы, академик Ғ.Непесов былай таныстырады: «1916-жылғы Хийўадағы өзбек, қарақалпақ мийнеткешлериниң бас көтерип шығыўына алып келген тийкарғы нәрсе Асфандияр хан ҳәм оның жақын төрелериниң ҳарамы нәпсин қанаатландырыў ушын Хийўадағы ҳәўли-ҳәремге мудамы қызларды зорлап алып кетиўи болып есапланады».[1]

1916-жылғы Хожели ўақыясына үлеси бар Абдулла бийдиң, Қабыл беглер бегиниң урыўласлары олар менен бирге рус қол астына көшип откенликтен жазалаўдан аман қутылды.

Қыпшақта дийқанлардың көтерилиси тоқтамады, қайта 1916-жылы жазға таман суўдың жеткиликсизлигине, алым-салықлардың артыўына, қыз салығының даўам етиўине байланыслы күшейди. Көтерилисшилер қураллы отрядлар дүзген. Көтерилисшилер отрядларына Матнияз жилли, Бабажан Яқшимов, Қошқар Яқупов, Нариман Маткаримов, Ерлепес маңшылар ҳәм т.б. басшылық еткен. Қыпшақлы Юсуп ийшан ҳәм Матмурат байдың зорлық жолы менен қыз салығын иске асырыўға кирисиўи, көтерилистиң жүзеге келиўине сылтаў болды. Көтерилисшилер ханға жарамсақланыўшыларды азаплады. Бул хабарды еситкен Хийўа ханы қозғаланды тез бастырыў, оның басшыларын қамаққа алыў туўралы буйрық шығарды. Буйрықты орынлаў мақсетинде, Қыпшаққа нөкер менен жасаўыл жиберилди. Олар күшлериниң кемислигинен көтерилисшилерге бәс келе алмады. Қайта көтерисшилерден дәкки жеген жасаўыл басы Хийўаға тез қайтыўға мәжбүр болды. Жасаўыл Хийўа ханының көп нөкер жыйнап, Қыпшаққа қайтып барыў туўралы буйрығына: «Енди Қыпшаққа бармайман, барған жағдайда да, бул жерге тири қайтып келмеймен»[2], — деп жуўап қайтарған.

---

[1]**Ғ.Непесов.** Жоқарыдағы мийнети, 43-бет.
[2]**Төреев А.** Қарақалпақстанда 1916-жылғы халық көтерилиси, Нөкис, 1967. 27 — 29-бетлер.



Сонлықтан хийлепазлық жолы менен өш алыўды гөзлеген Хийўа ханы Худайберген ҳәм Матниязды хан сарайына шақырған. Олар келген ўақытлары орынларынан турмай қабыллаўды сарайдағыларға тәртип еткен. Көтерилисшилер басшылары Хийўа ханының шақырығына өзлериниң қураллары, нөкерлери менен барған. Нөкерлерди сарай дәрўазасы алдына қалдырып, өзлери хан сарайына киреди. Оларды көриўден өзиниң сөзин услай алмаған Хийўа ханы орнынан өрре турады да, оң жағынан орын берип, сарайдағыларға өзиниң турақсызлығын сездирип қойды. Хийўа ханы халықты тынышландырыўды олардан өтиниш еткен. Олар усындай дийўанашылық ҳалда халықты тынышландырыўдың мүмкин емеслигин айтады. Хийўа ханы сол жерде жазалаўға буйрық бериўге батына алмаған. Көтерилисшилер ҳәр қандай алым-салықларды төлемеў шәрти менен Қыпшаққа қайтып келген. Бул сапары да өш алыўға ерисе алмаған Хийўа ханы олардан өш алыў мақсетинде Қыпшаққа жақын жердеги Анна Қылыш, Байрам гевирд сыяқлы түркменлерди ақшаға қызықтырады. Олар ҳәр қыйлы жоллар менен Матнияз ҳәм Худайберген менен досласады. Екинши жағынан қыпшақлар менен қоңсылас түркменлер арасында даў-жәнжел барған сайын шийелениседи. Усы жағдайдан пайдаланған Хийўа ханы жансызлары жазымын таўып Матниязды, Худайберген ҳәм Ерлепести өлтириўге ерисип, көтерилисти басшыларынан айырғаны ушын Хийўа ханынан бирталай инамлар алған[1].

Усылай етип, 1916-жылғы Әмиўдәрьяның сол тәрепиндеги қарақалпақ елатлары дийқанларының қураллы қозғалаңы аграр мәселесиниң кескинлесиўи себепли келип шықты. Ол Хийўа ханлығы тәртибине, жүўенсиз кеткен феодаллардың қыянатшылықларына қарсы қаратылды. Дийқанлар ҳәм қалалылар тийкарғы қозғаўшы күш болды. Дийқанлардың гүресиниң өсиўинен сескенген феодалларда бул ҳәрекетке қатнасты. Көтерилисшилерди Әмиўдәрьяның оң жағасындағы халықларда қуўатлады.

---

[1]**Төреев А.** Қарақалпақстанда 1916-жылғы халық көтерилиси, Нөкис, 1967.

## 2.2. Әмиўдәрья бөлиминдеги көтерилис

1916-жылы фронт артындағы жумысларға адам алыў, оны иске асырыўдағы теңсизликлер олардың тылдағы жумысқа емес, ал тиккелей урысға алыныўы туўралы мыш-мыш хабарлар, Әмиўдәрьяның оң тәрепиндеги елатларға да дийқанларға да қозғаў салды.

Дийқанлар қара үйлерин жығып, таса жерлерге жасырынып мәрдикар дизимине илиниўден бас тартты. Дизимге сырттан алған әмелдарларға хәм оған жәрдемлескен аўылдың үстем топарларына топылды. Дийқанлардың хәрекетлери жергиликли әмелдарларды қорқынышқа түсирди. Олар дийқанлардан бой тасалап жүриўге мәжбүр болды. Дийқанлар оларды қайсы жерде көрсе, сол жерде шаўқым көтере баслады.

1916-жылы 23-июньде Петроалександровсктеги полиция баслығы усының салдарынан «хәр бир алтыншы хәм базар күнлери Хийўа тәрептен хәм болыслықлардан базаршылар келиўден жәнжел басланады. Полицияның қурамын еки төменги чинге көбейтиў зәрүр», — деп хабарлады[1].

1916-жылы июль айы басларында-ақ Әмиўдәрья бөлими начальниги мәрдикар алыў исин тынышлық жолы менен иске асырыў үмитин үзди. Патша администрациясы елди тынышландырыў мақсетинде бир қанша шаралар көре баслады. Әмиўдәрья бөлими урыс жағдайында деп жәрияланды. Петроалександровск гарнизонының ерки бөлим начальнигине берилди. Халық хәрекетине қарсы Әмиўдәрья бөлиминдеги Урал казакларын қуралландырыў ушын жергиликли әмелдарлардың қурал-жарақлары жыйнап алынды. Адамлардың топланып турыўларын қадаған етти. «Терсекей» адамлар қамаққа алына баслады. Бул шаралар халық хәрекетин тоқтата алмады.

Мәрдикарға қарсы халық хәрекети ашық қозғаланларға өте баслады. Қозғалаңшылар «Мәрдикарға бармаймыз! Мәрдикарды иске асырыўда алалық болмасын! Байдың балалары бизлер менен тең барсын! Балаларымызды, ерлеримизди жибермеймиз!» — деген сүренлер көтерди. Олар мәрдикарға алыўды тоқтатыўды талап етти. Хәрекет Әмиўдәрья бөлими участкаларын қамтый баслады, 1916-жыл 24-июль күни күшли қозғалаң Төрткүл болыслығында басланды. Төрткүл болыслығына

[1]Төреев А. Қарақалпақстанда 1916-жылғы халық көтерилиси, Нөкис, 1967. 19-бет.



қараслы Сахтиян ақсақаллығында 200 ден аслам ер хәм хаял-қызлар қозғалаң көтерди. Қозғалаңшылар болыс кеңсесине қарай жүрди. Олар жолда болыс басқарыўшысы хәм оны қорғаўшы жигитлер менен гезлести. Қозғалаңшылардың ызасы қайнады. Болыс басқарыўшысы зулым Қазақбайға аўыр сөзлер айтып, мәрдикаршылардың дизимин бериўди талап етти. Қазақбай өз жигитлерине қозғалаңшыларды таратып жибериўди буйырды. Еки арада күшли соқлығысыўлар болды. Соқлығысыў ўақтында хаяллардың таяғы Қазақбайға да тийди. Қазақбай жигитлериниң көмеги менен қозғалаңшылардан қашып қутылды. Қозғалаңшылардан бой тасалаў ушын Сарыбий волостына қараслы Уллыбағ ақсақаллығындағы бир таныснникине кетти. Қозғалаңшылар болыстың кеткен үйине қарай жүрди. Оларға тағы наразы адамлар қосылды. Қозғалаңшылар болыс болып атырған үйди қамады. Қазақбай түнде зорға қоршаўдан қашып қутылған. Бул қозғаланды Әмиўдәрья бөлими начальнигиниң орынбасары: «мәрдикарға барыўға тийисли адамлар еле белгиленип питкен жоқ еди. Хаяллар тәрепинен Төрткүл болыслығында қәўипли наразылықлар болды»,- деп хабарлады[1].

Тамды болыслығында қозғалаңшылар болыс басқарыўшысын еки күн удайы қамаққа алды. Әмиўдәрья бөлими начальниги жазалаў отрядын жибериўге мәжбүр болды. Қозғалаңшылар жазалаў отрядына қураллы қарсылық көрсетиў ушын тоғай басқарыўшысының кеңсесине топылды, айна-қапыларын сындырып, қурал-жарақ талап етти[2]. Қозғалаңшылар қурал-жарақ табалмағаннан соң тутқынларды босатып, өзлери тоғай арасына қашып барып жасырынды.

27-июльден баслап дийқанлардың қозғалаңлары Шымбай участкасының Бесжап, Шымбай, Жаңабазар, Көкөзек, Таллық хәм т. б. болыслықларында жүз берди[3].

1916-жыл 29-июль күни Әмиўдәрья бөлимине қараслы басқа болыслықларға қарағанда, Сарыбий болыслығында күшли қуралды көтерилис басланды. Хәзирги Сарыбий посёлкасы орнындағы гүжим теректиң қасына салынған болыс кеңсеси қасында көтерилис даўам

[1]**Төреев А.** XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қарақалпақ үлкесинде дийқанлар хәрекети. —Нөкис, 1991. 82-бет.

[2]Булда сонда.

[3]**Төреев А.** XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қарақалпақ үлкесинде дийқанлар хәрекети. —Нөкис, 1991. 89-бет.

етип, көтерилисшилер Петроалександровсктеги (Төрткүлдеги) Әмиўдәрья бөлими начальниги кеңсесине барыўға ыңғайласты. Жыйналған көтерилисшилердиң саны 1000 нан аслам болып, олардың ишинде хаял қызлар да бар еди. Көтерилисшилер болыс басқарыўшысы Садық Баяқовты, үш аўыл ақсақалын өлтирип, үш әмелдарды жаралады.

Булардан тысқары болыс басқарыўшысына тийисли 150 мың сомлық мүлкти, 7835 сомлық затты бүлдирди, мәрдикаршылардың дизимин жоқ етти.

29-июль күни Шымбай участкасына қараслы көпшилик болыслықлардағы дийқанлардың хәм Шымбай қаласы мийнеткешлериниң қатнасыўында ири қураллы көтерилис Шымбай қаласында да бурық ете қалды. Көтерилисшилердиң саны 1000 нан аслам болды. Олар базардың әтирапына топланды, алдына хаялларды хәм хаял кийимин кийген еркеклерди салып, қараңғы көшеге («Нариман көше») қарай жүрди. Қараңғы көше арқалы Шымбай қаласы почтаханасының арқасындағы участка начальниги жайына қарай тартты. Көп узамай кеңсеге де жетип келди. Участка приставының қарсылығында тыңламады. Көтерилисшилер өзлериниң фронт арты жумысына адам алыўды бийкарлаў талабын орынлаўдан бас тартқан участка приставын далаға шығыўдан орап алды. Пристав тапаншасын көшириўге, соннан халық серпилген ўақытлары қашып қутылыўға умтылды. Тапаншаның оғынан халық серпилип, Алламурат Бегниязов аўыр жараланды. Бирақ, кеңсениң батысындағы алыс емес жердеги Турман дилмаштың үйине қарай қашқан пристав қашып қутыла алмады. Көпшиликтиң ылақтырған кесеги, таяқлары приставтың изинен қардай борады, ол Турман дилмаштың шарбағына зорға барып қулады. Пристав Шымбай қаласының Кегейлиге жақын жердеги хәзирги районлық тутыныўшылар жәмийети кеңсесиниң қасындағы майданшаға алып шығылды. Сол жерде көтерилисшилердиң таяғы, тепкиси менен приставтың силеси қатты. Онының өлиги Кегейли каналы суўына ылақтырып жиберилди.

Көтерилисшилер оның хаялын да өлтирди, тек жазықсыз қызын аман қалдырды, үйин, кеңсесин бүлдирди, патшаның сүўретин, мәрдикарлардың дизимин өртеди. Бүлдирген мүлк хәм жекке адамларға

[1]Төреев А. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қарақалпақ үлкесинде дийқанлар хәрекети. —Нөкис, 1991. 103-бет.

[2]Төреев А. Қарақалпақстанда 1916-жылғы халық көтерилиси, Нөкис, 1967. 49-бет.



тийисли ақша муғдары -19145 сомнан асты. Бул ўақыя «Ояз өлген жылы» аты менен тарийхта қалды.

Патша администрациясы 1916-жылы көтерилистиң қатнасыўшылары есабында 150 ге жақын адамды жынаятқа тартты. 1916-жылғы миллий-азатлық көтерилиси жеңилсе де, ол мийнеткешлердиң класслық сезимлериниң артыўында, олардың өз-ара тилеклесликлериниң күшейиўинде, Россиядағы азатлық хәрекети менен ушласыўға шараятлар дүзиўде гиреўли орын ийеледи.

Көтерилисти бастырыў ўақтында, бастырылғаннан соңғы көрилген қатаң шаралар да, үстем топарлардың жәрдемлери де дийқанлардың хәрекетин тоқтата алмады. Дийқанлардың хәрекети даўам ете берди. 1916-жылы 16-августта оны Әмиўдәрья жер алым комиссиясы 5-бөлимниң танапкеши комиссарға жазған рапортында: «Әмиўдәрья бөлиминиң Бийбазар болыслығындағы жер өлшеў жумысы табысқа ерисе алмаўы, қыйыншылықларға ушыраўы себепли тоқтатылды. Адамлардың Хийўа тәрепке яки тоғайға, қамыслықларға қашып кетиўине байланыслы рабочий табылмайды, табылса да аз табылады, олар да кеўилли жумыс ислемейди, жер шегарасы ушын жазаланыўға тийисли гейпара жер ийелери де шақырсаң келмейди. Улыўма халықтың кейпинен қорқыншлылық хәм оны жек көриўшилик сезиледи. Қорқынышлы кейип мәрдикарға адам алыўға, әсиресе, халық арасына Хийўа ханлығынан қашқан түркменлердиң келиўине байланыслы (елиўлик хәм депутатлардың сөзлерине қарағанда, олар қарыўланған) күшейди.

Болыс басқарыўшылары хәм ақсақаллар халықты тынышландырыў, түркменлерди елине қайтарыў, оларды қуралсызландырыў илажларын көрмейди, ал тыйым салынған мәжилислер 20 — 30 адам қурамында даўам етип атыр. Мен тәрепинен жиберилген дилмашлар оларға жақынласыўы менен сөзди тоқтатқанлықтан мәжилислер туўралы мағлыўмат бериў мүмкиншилигине ийе емес.

Усындай мағлыўматлардың жуўапкерсизлигинен қорыққан елиўликлер хәм депутатлар маған хәрекет етиў туўралы өтиниш етти. Мен оған келисим бермедим. Мен өзим Петроалександровскке қайтып киятырғанда Шахаббаз аўылына жақын жердеги жолдың жағасында кеңесип отырған 200 дей адамды көрдим, биз танапкеш Ковалев пенен барғанымызда бир адам да сәлемлесиўге турмады, бурын бул сезилмеген еди», — деп хабарлады.[1]

[1]Төреев А. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қарақалпақ үлкесинде дийқанлар хәрекети. —Нөкис, 1991. 103-бет.

Балық аўлаў өндирис орны ийелериниң эксплуатациясының күшейиўине ҳәм болыс және ақсақаллардың хожалықлар есабынан тыл жумысында талап ислеўшилердиң дизимин қупыя дүзиўге уйғарыўы Мойнақ, Тербенбес, Үрге, Үшсай, Зайыр, Тоқпақ ата ҳәм т. б. жерлердеги өндирис орынларында жалланып жумыс ислеўши дийқанлардың қозғаланларын кескинлестирип жиберди.[1] Қозғаланшылар өндирис орны ийелериниң мүликлерин бүлдирди, олардың тек гидрометриялық пунктке келтирген шығыны ақшалай 330 манатқа тең болды.

Балық аўлаў өндирис орны ийелери балықшылықтың армияны азық-аўқат пенен тәмийинлеўге өткерилиўин бәнелеп, балықшылықта жалланып ислеўши жергиликли дийқанларды мәрдикарлықтан, ал русларды армия қатарына алыўдан қалдырыўды бир неше рет жоқары патша чиновниклеринен өтиниш етти. Өйткени, олар патша армиясы ҳәм урыс ушын балық аўлаўдан бас тартқан еди. Бирақ, балық аўлаў өндирис орынлары ийелериниң усы жол менен өзлерин қәўиптен қутқарыў, көбирек балық аўлап тапсырыў нийетлери иске аспады. Олар патша ҳүкиметинен әскерий жәрдем бериўди өтиниш ете баслады.

28-августта Түркстан генерал-губернаторының буйрығы бойынша, Түркстан әскерий округи командованиеси Мойнақ, Үргенч ҳәм т.б. орынларға 4 запас Сибирь полкин, 66 солдат ҳәм еки офицер жиберди. Қубла Арал балық аўлаў өндирис орынларындағы рус ҳәм украин кулакларын қураллandырыўға буйрық берди. Бул илажлар мәрдикардан қашыўшы дийқанлардың отрядларының дүзилиўин ғана жүзеге келтирди. Архив материалларында, усындай отрядлардың басшыларының бири есабында Кокажаровтың аты атап өтиледи. Үйлердиң есабынан жалланған, ҳақысын түўел алыў итималына ерисе алмаған, ҳәтте бай хожалықлардан ҳақыларын алған мәрдикаршылар да отрядларға келип қосыла баслады.

1916-жыл сентябрь-октябрь айларында, мәрдикаршыларды жибериў ўақытлары дийқанлар қозғалаңы тағы жанланды. Себеби, 67 шаңарақ есабынан жалланып кетиўшилерге ҳақылары толық берилмеди. Мәрдикаршыларға тийисли ақшаның көпшилик бөлегин патша администрациясы ҳәм жергиликли әмелдарлар өзлерине сиңирмекши болды. Жетисуў, Торғай областларындағы қураллы халық көтерилисиниң хабары да, Әмиўдәрья бөлиминде қозғалыстың ҳәўиж алыўына тәсир жасады.

---

[1]**Төреев А.** Қарақалпақстанда 1916-жылғы халық көтерилиси, Нөкис, 1967. 49-бет.



Ол жерлерден мәрдикарлықтан бас тартыўшы қазақ шарўалары бул жаққа келе баслады. Олар мәрдикаршылыққа қарсы мийнеткешлерди гүреске рухландырып жиберди. 1916-жылы сентябрь айының басларында мәрдикаршыларды белгиленген пунктлерге топлаў мапазында Тербенбестеги жергиликли ҳәм рус мийнеткешлери арасында тағы қозғалаң көтерилди. 6-сентябрьде Түркстан әскерий округи начальниги Әмиўдәрья бөлими начальнигиниң талабы бойынша, Тербенбесте тынышлық орнатыў ушын пияда әскер отрядын жибериўге тәртип берди[1]. Қозғалыс болыслықлардағы аўыл дийқанларын өз ишине қамтый баслады.

1916-жыл 7-сентябрьде Тербенбеске жақын жердеги Дәўқара волосты шарўалары қозғалысы кескин түр алды. Әмиўдәрья бөлими начальниги өзиниң Ташкенттеги Генгира кеңсесине жиберген телеграммасында оны: «Шымбай волостының Дәўқара болыслығындағы көшпели шарўа ха-лықлар тыл рабочийлары жибериўден бас тартты, тузем админстрация-сының еркин шекледи, Қызылқумға жасырынды. Жетисуў жүзлиги, ярым жүзлик Ураллы атлылар қурамында жазалаў отрядын жибериўди зәрүр деп есаплайман. Отрядқа админстрацияның көрсетпеси бойынша рабочий жибериў талабын орынламаўшыларды қолға алыў тапсырылды. Бул илаж нәтийже бермеген жағдайда отряд бағыныўдан бас тартыўшы-лардың мүлклерин алыў илажларын қолланады. Халық жынаятты жазасыз қалдырыўды басқарыўшылар әззилигинен деп есаплағанлықтан, усындай шара көриў ҳәжетли. Мәрдикар алыўға халықтың сондай кейипи, шешиўши шара көрмеген ўақытлары көшпели шарўалар арасын-да массалық тәртипсизликти жүзеге келтиреди. Капитан Флавицкийдиң жәрдемшисине отрядқа командалық етиўди тапсырыўды уйғараман», — деп хабарлады[2].

Қозғалаңшылар сентябрьдиң екинши ярымынан соң жазалаў отрядының қатаң мәжбүрлеўлерине байланыслы, мәрдикарға адам бериўге қайылшылық билдирип, үйлерине қайтып келе баслады.[3] Бирақ,

---

[1]**Төреев А.** Қарақалпақстанда 1916-жылғы халық көтерилиси, Нөкис, 1967. 67-бет.

[2]**Төреев А.** XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қарақалпақ үлкесинде дийқанлар ҳәрекети. —Нөкис, 1991. 89-бет.

[3]Сонда, 91-бет.

Шымбай участкасы дийқанлары тынышлана қоймады. 1916-жыл октябрь айында мәрдикаршыларды жыйнаўға тийисли пунктлерге топлаў ўақытлары қозғалыс тағы жанланды. Хожалықлар атынан жалланып кетиўши мәрдикаршылар тийисли ақшаларын толық бериўди ҳәм азық-аўқат, табақ-касық, кийим-кеншеклер менен тәмийинлеўди талап етти. Себеби, Әмиўдәрья мәрдикаршыларының усындай мәплери ушын ажыратылған 43 мың манат қаржыны ҳәкимлер ҳәжетли орынларына жумсамады. Мәрдикаршылар талаплары орынланбағанша, белгиленген орынларға жыйналмады. Жергиликли әмелдарлар оларға еленип жалыныўға, оларға ҳәр қыйлы ҳийлелер ислеўге мәжбүр болды. Мәрдикаршыларды топлаўда патша әскерлери күши қолланылды. Ҳәтте, патша әскерлери отряд түриндеги мәрдикардан бас тартыўшылар топарларының қарсылықларына да ушырап отырды. Шымбай участкасындағы 1916-жыл басларына шекем Кокаражанов басшылығындағы мәрдикарлықтан бас тартыўшылар топары патша солдатларына қарсылық көрсетти. Усындай күшли қарсылықлар жағдайында патша солдатлар жәрдеми менен мәрдикаршылар зорлап жибере баслады. Соншама күш салынса да, 3 мыңнан аслам мәрдикар зорға жиберилди. Патша солдатлары жәрдеми менен зорлап жиберилген мәрдикаршылар арасында да жолшубай қозғаланлар даўам етти. Усылай етип, әдеттеги социаллық-колониаллық езиўге феодаллық тәртип қалдықларына қарсы дийқанлардың наразылықлары мәрдикар алыў тәртиби енгизилиўи менен күшли қураллы халық көтерилисине өсип өтти. Ол басқыншылық урысқа да қарсы қаратылды. Бул гүрестиң епкини Россиядағы февраль буржуазиялық-демократиялық революциясының жеңиси менен ушласып ғана қалмай, ал тағы да алға илгериледи. Феодаллық урыўлық қалдықларға ҳәм колониаллық езиўге қарсы гүрес революциялық-демократиялық сыпат алыўын даўам етти.

Халықтың сиясий-жәмийетлик турмысына үлкен тәсир жасаған тарийхый ўақыялардың бири 1914-жылы басланған империалистлик урыс болды. Патшалық дүзимниң бул қырғын урысқа жумсаған барлық шығынлары мийнеткеш халықтың мойнына түсти. Бул жағдай патша ҳүкиметине болған мийнеткеш халықтың күшли нарийзалығын келтирип шығарды.

Усы урысқа байланыслы қара жумысқа Орта Азия халқынан адам алыў ҳаққындағы Николай патшаның 1916-жылдың 25-июньдеги буйрығы басқа халықлар сыяқлы қарақалпақ мийнеткешлерин де барынша шоршындырады. Жергиликли ҳәмелдарлар бул буйрықты



барынша қорқынышлы түске айналдырды. Урыс салығы, мәрдикар алыў ушын жүргизилген хатлаўлар мийнеткеш халықтың патшалық дүзимге болған нарийзалығын барынша толқындырады. Мәрдикарлыққа гилең дийқанның, жетим-жесирлердиң балалары жазылды, бай, молла-ийшанның, болыс-ақсақаллардың балалары алынбады. Мәрдикарға адам алыўдың теңсизлиги халықтың күшли нарийзалығын келтирип шығарды.

1916-жылдың тарийхый ўақыялары аўызеки халық дөретпелеринде, халық шайырларының творчествосында өзиниң толық сәўлелениўин тапты. Халықты барынша шоршындырған, халықтың күшли нарийзалығын туўдырған мәрдикар алыў сыяқлы тарийхый ўақыялары усы дәўирди сөз ететуғын тарийхый халық қосықларының тийкарғы сүўретлеў объектиси болды. Халық арасынан ҳәр қыйлы жыллары жазып алынған ҳәм баспа сөзде бир қатары дағазаланған «Жети үйден бир белдар», «Мәрдикар», «Нәйлейин», «Тапсырдым» деген қосықлар менен Қудайберген шайырдың «Мәрдикар» дәстаны бар. Бул тарийхый қосықларда басқа халықлар сыяқлы Қарақалпақстан территориясындағы мийнеткеш халықлардың патшаның мәрдикар алыўына қарсы халықтың күшли нарийзалық сезимлери ҳәр тәреплеме сүўретленген. Сондай-ақ, бул қосықларда усы дәўирдеги болған тарийхый өзгерислер, тарийхый ўақыяларға болған халықтың көз-қараслары дурыс берилген. Мәселен, «Мәрдикар» деген қосықты алып қарайық:

Жапакешлер қарсы турып қозғалды,
Парахат халыққа ояз жар салды,
Жети үйге бир адам – мәрдикар алды,
Халықты терең ойландырған мәрдикар.
Патша қара иске адам соратты,
Бул хабарын Түркстанға таратты,
Ҳәмелдарды өз аўзына қаратты,
Еситпеген бәле болды мәрдикар.[1]

«Мәрдикар» қосығында сахрайы халықтың «Мәрдикар», «Әскер» дегенлерди бурын көрмегенлиги, бул жағдай халықты шоршындырып, биразларды туўысқанларынан, ел-журтынан айырып атырғанлығын таныстырыў менен, мәрдикар алыўдың теңсизлигине халықтың күшли нарийзалығы бериледи ҳәм парахорлықты әшкара етип, халық әдилликтиң тәрепдары екенлигин сөз етиледи:

---

[1]Қарақалпақ халық қосықлары, Нөкис, 1965-жыл, 334-бет.

Бурын ҳеш бир әскер бери көрмеген,
Мәрдикар дегенниң атын билмеген,
Жети үйге бир киси деген бәледен,
Пуқараны дым қорқытты мәрдикар.
Ҳәмелдарлар аман қалып болды зор,
Ел ишинде көбейип кетти парахор,
Қорлық көрип, зорға ушырап гилең сор,
Ериксиз айдалып болды мәрдикар.[1]

Сондай-ақ, «Жети үйге бир белдар» деген тарийхый қосықта да халықтың дәўирге, заманға болған күшли нарийзалығы сүўретленген. Үстем класс ўәкиллериниң әдилсизлиги нәтийжесинде белдарлыққа алынғанлардың көпшилиги жарлылар екенлигин, олар теңсизликтиң қурбаны болып, зар жылап кетип баратырған халықтың тилинен бериледи:

Үш жүз үйге ақсақал, мың үйге болыс,
Әдил болып ислемеди ол жумыс,
Еткен ислериниң бәри надурыс,
Параға жүз тилла ала баслады,
Сорасаң айтады атларын белдар,
Кеткенлердиң бәри де дүньяға кемтар,
Жарлыларға тәғдир болсын мәдеткар,
Көз жасы сел болып аға баслады.
Бул ҳәдийсе халыққа болды әламат,
Кеткенлердиң жаны болсын саламат,
Жарлы жар жағалап тапты жүз манат,
Бары-жоқтан айрылып қала баслады.[2]

«Нәйлейин» деген тарийхый қосықта мәрдикарға қанша адамның кеткенлиги, мәрдикарға алынған адамларды жыйнаўдағы болыс, ақсақаллардың бийбастақлық ҳәрекетлери, олардың еки жүзлилигин әшкаралайды. Заманның зорлығына, теңсизлигине нәлетнама айтады. Бул қосықтағы мәрдикарға алынғанлардың саны тарийхый дереклерге туўры келиўи де, келмеўи де мүмкин. Солай да халық қосығында бул ўақыяға гириптар болғанлардың санына дейин сөз болыўы үлкен тарийхый факт болып есапланады. Қосықтың баҳалылығы сонда – тарийхый фактлердиң орын алыўында.

[1]Сонда. 334, 330-бет.
[2]Сонда. 330-бет.



Мәрдикарға кетти бир мың жүз адам,
Жарлылар жыласып, туттылар матам,
Мәнзилсиз – мәкансыз кетти арадан,
Олардың аўҳалын айтпай нәйлейин.
Адам бер деп күнде салып топылыс,
Босағада турды ақсақал-болыс,
Ислеген ислери бәри надурыс,
Олардың қорлығын айтпай нәйлейин.
Заман ақыры болды ма билмән,
Шул қапа түскели ойнаман, күлмен,
Ақырының қандай боларын билмен,
Заманның зорлығын айтпай нейлейин.[1]

1946-жылы Шымбай район территориясынан шайыр Ибрайым Юсупов тәрепинен жазып алынған «Тапсырдым» деген қосық та мәрдикарға кетип баратырған жигиттиң тилинен берилген. Бул қосықтың стильлик жақтан өзгешелиги сонда: Шымбайдан мәрдикарлыққа алынған жигит өз қаласы, ата-анасы, келиншеги ҳәм жора-жолдаслары менен хошласады. Мәрдикарлыққа елден енди адам алынбағай, тек бизлерден басқаның басына қайғылы ислер, сергизданлықлар түспегей, ҳәтте «биз баратқан жерге жылан бармасын»[2] деген тилегин билдиреди, ел-халқы менен хошласады:

Ҳайтта қосар қызлар жаңа арбасын,
Төрем дейип бизге айтар ҳармасын,
Биз баратқан жерге жылан бармасын,
Шул қызларды халқым саған тапсырдым.
Ата ҳәм де анам қалды ишинде,
Ата аямағыл еткен күшиңе,
Анажан ырза бол берген сүтиңе,
Ата-анамды халқым саған тапсырдым.
Көзимнен ағадур яшларым,
Халық ишинде қатар-қурбы досларым,
Көзинди яшлама муңлы қостарым,
Сенидағы бир халқыма тапсырдым.

Қосықта теңсизликтиң зарын тартып, айралыққа түскен, мәрдикарға кетип баратырған жас жигиттиң ишки сезими, хошласыў зары берилген.

[1]Қарақалпақ халық қосықлары. Нөкис, 1965, 335-бет.
[2]Сонда 336-бет.

Халық арасынан жазып алынған шайыр Қудайбергенниң «Мәрдикар» деген қосығында да 1916-жылдың тарийхый ўақыясы сөз болады. Қосықтың қолда бар материаллары тийкарында пикир жүргизгенимизде қосықтың көлемли болғанлығын айтыў орынлы болады. Оның үстине автордың өзи мәрдикарға алынған болыўы керек. Себеби, қосық мәрдикарға алынған адамның тилинен бериледи, екиншиден, тарийхый ўақыяны сүўретлеўдеги исенимли айтылған автордың ойлары бул жағдайды толық тастыйықлайды.

Қудайберген Жебен улының «Мәрдикар» шығармасы халық арасына кеңнен таралған. Гейпара информаторлардың айтыўына қарағанда, бул шығарманы дәстан деп атайды. Ҳәзирги қарақалпақ фольклоры секторындағы қол жазба фондындағы сақланған материалдың көлеми жүз қатар. Қосықтың дәслепки кирисиў бөлиминде мәрдикардың улыўма жағдайы, халықты басқарыўшы топарлардың әдилсизлиги, мийнеткеш дийқан балаларын мәрдикарға алып, байдың балалары пара менен қалыў жағдайлары сөз болады да, оннан кейин мәрдикарға кетип баратырған Қудайбергенниң ата-анасы менен жора-жолдаслары ҳәм ел-халқы менен хошласыўлары қысқа қосық қатарлары менен бериледи.

Қудайберген шайырдың «Мәрдикар» қосығында да мәрдикарға алыўдың барлық теңсизлиги, халықтың көрген аўыр қыйыншылығы дурыс таныстырылады. Қосық авторының мәрдикарға барыў жағдайлары шығарманың идеялық бахалылығын арттырып тур. Мысалы: 1916-жылдың тарийхый жағдайлары қосықта былай таныстырылады:

Жаман күнди мен ойласам пул кести,
Жарлының болыс, бий кепинин пишти,
Ким бузар тәғдирде жазылған исти,
Мен халқымнан айрылып кетип бараман.
Бай менен айтыссаң келмейди ҳаллар,
Қазыға тыңлатсаң байдикин жөнлер,
Қайда барсаң зар жылап жүр гедейлер,
Оны көрип мен де жылап бараман.
...Он теңге болыпты сатылған баҳам,
Хәссений деп мен тисленип бараман.[1]

[1]**Қожықбаев Әдилбай**. Тарийхый қосықлар (Тарийхый қосық ҳәм аңызлардың басқа жанрларға қатнасы ҳаққында). – Нөкис: Қарақалпақстан, 1980. 38-бет.



Қосықта теңсизликтиң зарын татқан халықтың атынан барлық зулымлыққа нәлетнама айтады. Шайыр үстемликти жоқ етиў, теңликке ерисиў, аўыр езилиўден қутылыўдың келешек әрманлары, тилеклери де сөз болады. Турмыслық сораўлар ортаға тасланады.

Қолымыздан келмес бирдей бай болыў,
Қашан болар бизге қайғыны жойыў,
Заман болса байларға күн туўғызыў,
Көрермен деп иштен ойлап бараман.
Бай, болыс, бийлерди куўсақ арадан,
Биз кутыламыз сатылатуғын бөледен,
Сатылып айрылдық катын-баладан,
Еки көзим артымда жылап бараман.
Кейниме ат салып айдады мени,
Дәўир келсе залымлар көрермен сени,
Дүньяда бий, болыс, байдың өлгенин,
Тиримде көрсем деп ойлап бараман.[1]

«Хан қазыўы», «Мәрдикар», «Урыс салығы» сыяқлы ўақыялар 1916-жыллардағы мийнеткеш халық ушын аўыр жүк болды. Кимлер аўыр мийнет пенен әдилсизликтиң, теңсизликтиң қурбаны болса, кимлер ашлықтан, таяқтан өлди. Мәрдикар ўақыясы да көп халықтың толысын төккен, атаны баладан, баланы ата-анадан айырып, сергизданлыққа, айралыққа гириптар еткен ўақыялардың бири болды. Қудайберген шайырдың «Мәрдикар» дәстанында да халықтың айралыққа түсиў жағдайлары, теңсизликтиң аўыр жүгин арқалаған халықтың тарийхый турмысы лирик қаҳарман автордың өзи арқалы таныстырылады. Бул қосықта да дәўирдиң ең жақсы ойлары улыўма халық атынан бериледи.

Үлкейгенше май шайнаттың,
Майды қойып пал шайнаттың,
Енди бүгин мен кетемен...
...Ақ сүт берген каабам анам,
Хош бол, анам, жолға түстим.
Белимде бар қамар потам,
Кеше-күндиз тутқан матам,
Кемалға келтирген атам,
Хош бол, атам, жолға түстик.

[1]Сонда, 39-бет.

Қара шөгирме басымда,
Көп адам бар қасымда,
Бай баллары жоқ арамда,
Хош бол, халқым, жолға түстик.[1]

Кудайберген шайырдың «Мәрдикар» дәстаны да тутасы менен алғанда, 1916-жылдағы мәрдикар тарийхый ўақыясын сөз ететуғын, усы дәўирдеги халықтың аўыр турмысын таныстыратуғын халық поэзиясындағы баҳалы тарийхый естелик болып табылады.

Дәстанның тил көркемлиги де жүдә жақсы. Тили, жазылыўстили күтә түсиникли, образлы берилген, салыстырмалы теңеўлер көплеп ушырасады. Ўақыя өзгерген сайын традициялық дәстанлар сыяқлы стили де, қосық қатарлары өзгерип, бирде термелеп айтылса, бирде тарийхый жырдың баянланыў үлгисинде бериледи.

1916-жылы өмир сүрип турған ақ патшаға ҳәм ханлықларға қарсы мийнеткеш халықлардың Өзбекистанда, Түркменстан, Қырғызстан ҳәм Қазақстанда да азатлық ҳәрекетлери болды. Көтерилис мақсети, олардың бәрине де өмир сүрип турған ақ патшаға ҳәм ханлықларға ашықтан-ашық қарсылыққа шығыўы еди. Сондай-ақ олардың жергиликли ўәкиллер менен ири хожалық ийелерине, жер-суў тоғайлық пенен көлликлерди пайдаланыўдағы сиясий ҳуқықтағы теңсизликлерге қарсы халық көтерилиси еди. Демек, бул көтерилиске қозғаўшы күш сырттан келмеген, ямаса орайласқан бир сиясий шөлкемнин искерлигинин, үгит-нәсиятының нәтийжеси емес, бул көтерилиске турмыс аўырманлығына шыдамаған мийнеткеш халықтың өзи шықты. Солардың бири 1916-жылғы Хожели қаласындағы көтерилис еди. Хожели қаласы ҳәм әтирапындағы қарақалпақ, өзбек, қазақ, түркмен халықларының барлық қатламлары дерлик бул көтерилиске қатнасқан. Олардың арасында дийқанлар, санаатта ислеўшилер, өнерментлер, айырым байлар ҳәм ийшанлар болған.

[1]**Қожықбаев Әдилбай.** Тарийхый қосықлар (Тарийхый қосық ҳәм аңызлардың басқа жанрларға қатнасы ҳаққында). – Нөкис: Қарақалпақстан, 1980. 40-бет.



# 3-БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН 1917 – 1918-ЖЫЛЛАРДА

## 3.1. «Ақ патша»ның қулаўы

Түркстан генерал-губернаторлығы Әмиўдәрья бөлиминиң начальниги 1917-жылдың басында «Россиядағы болып атырған сиясий жағдайлар, ҳақыйқат шынлық түринде тек русша дереклерден ғана белгили болмай, сондай-ақ таралып атырған англичан, түрк дереклеринен де Хийўа ханлығындағы жасаўшыларға аттан анық белгили», — деп жазды[1]. Сиясий жағдайдың шийеленисиўинен қәўипленген патша администрациясы Хийўа ҳәм Петроалександровск қалаларында қорғаныў пунктлерин дүзиў, хат-хабарлаўға цензура орнатыў, қолға түскен «терсекей» адамларды жазалаў шараларын көрди.

1917-жылдың басында Шымбай участкасында жиберилиўге тийисли адамлардан қалғанларын мәрдикарға алыўға қарсы күшли қозғалаң жүзеге келди. Кетиўге тийисли мәрдикаршылар Шымбайға жыйналыўдан бас тартты. Мәрдикарға кеткенлердиң үш ай он күнде қайтып келмегенлиги себепли халық болыс ҳәм ақсақаллардың сөзлерине де исенбеди, оларға қәўип туўдырыў күшейди. «Ендиги мәрдикарға алынғанлар урыс фронтларына алынады», — деген хабар халықты гүреске тағы да жигерлендирди. Әмиўдәрья бөлими начальниги мәрдикаршыларды жыйнаў ушын солдат жибериўге мәжбүр болды. Мәрдикаршылар буған қарсы қураллы отрядқа бирикти. Солдатлар қозғаланшылар отрядын халық қуўатлағанлықтан бағындыра алмады, мәрдикаршылардың шаңарағын, оларды ақшаға жаллаўшыларды тергей баслады. Бул гейпара мәрдикаршылардың отрядтан шетлеп үйлерине қайтып келиўине, қозғаланның әззилеўине тәсир жасады. Январь айының екинши ярымында ғана мәрдикаршылар отрядының басшысы Кокаражановтың зорға қолға түсиўине ерисилди, бирақ бул ҳәрекетти тоқтата алмады.

Мәрдикаршылар мәрдикарлыққа барыўдан бас тартып, жазалаўшы солдатларға барынша қарсылық көрсетти. Олар «урыста қаза тапқанша, лашымыздың туўған жерде қалғаны мақул» деп есаплады. Мәрдикаршыларды топлаўшы солдатлар оларды жазалаўшы оренбургли казак жүзликлери менен алмастырыў илажлары да олардың қарсылығын сындыра алмады. 1917-жыл 19-февральда Әмиўдәрья бөлими начальниги

[1]**Төреев А.** XIX әсирдиң ақыры, XX әсирдиң басында қарақалпақ үлкесинде дийқанлар ҳәрекети. Нөкис, 1991. — 120-бет.

Түркстан әскерий округи комитетине «шашаў жайласқан, күшли қарсылықлар көрсетип отырған Шымбай участкасы мәрдикаршыларын белгиленген ўақытқа топлаў қыйын»,- деп хабарлады[1].

1917-жылдың март-апрель айлары Түркстан үлкесиниң сиясий турмысында ояныў дәўири болды. Маҳмудхожа Беҳбудий (1875 — 1919), Муновварқори (1978 — 1931), Убайдулла Хожаев (1882 — 1938), Абдурауф Фитрат (1886 — 1938), Файзулла Хожаев (1896 — 1938), Мустафа Шоқаев (1890 — 1941), Муҳаммеджан Тынышпаев (1879-1939), Шерали Лапин (1868 — 1919), А.З.Валидий (1890-1970), Обиджан Маҳмудов (1858 — 1936) ҳәм басқалар үлкеде жаңадан дүзилген «Шура-и-Исламия» (1917-ж. март), «Шура-и-Улома» (1917-ж. июнь), «Туран», «Иттифоқи Муслимин» (1917-ж. сентябрь) сиясий партияларының дүзилиўинде жетекшилик етти.

1917 жыл февралы ақырында «жас хийўалылар» «ақ патша»ның тахттан аўдарылыўын зор кейпият пенен еситти. Бул ўақытта Асфандиярхан Бухара әмири Алимхан менен Ялтада дем алып атырған еди, олар тезлик пенен журтына қайтты. Ханның Хийўаға келгенин еситкен жәдидлер халықты демократия ушын гүреске шақырды.

Түркстан үлкесиндеги 1917-жыл февраль аўдарыспағына шекем даўам еткен қатаң әскерий тәртип те халықтың азатлық ҳәрекетин ирке алмады. Усылай етип, 1917-жылдың басларында пүткил Россия империясы сыяқлы, Түркстанда, қарақалпақ үлкесинде де, миллий-азатлық ҳәрекетин жанландырыўға ылайық жағдай қәлиплести.

1917-жыл 4-март күни Петроградтағы февраль аўдарыспағының жеңиси ҳәм Россиядағы патшашылықтың қулағаны туўралы хабар Әмиўдәрья бөлими орайы Петроалександровск қаласына да мәлим болды.

Қарақалпақстан халқы да патшашылықтың қулаўын узақ күткен ўақыя сыпатында қуўанышлы түрде күтип алды. Усы қуўанышлы хабар адамлардың аўзында әпиўайы ғана емес, ал олар тәрепинен дөретилген қосық қатарларында да жаңлады. Тарийхшы Алпысбай Төреевтиң халық арасынан жазып алынған мына қосық қатарлары буны дәлиллейди:

Март айынын алтыланшы күнинде,
Байлар ҳүкимети болды шерменде...

Булда сонда.



## 3.2. Петроалександровск қаласындағы ҳәкимияттағы өзгерислер

Февраль аўдарыспағы нәтийжесинде қарақалпақ үлкесинде де демократиялық шөлкемлер дүзиле баслады. 1917-жылы 6-март күни Петроалександровск қаласы ҳәм қалаға жақын жердеги жәмәәтшилик Петроалександровск жумысшылар депутатлары Советин дүзди. Петроалександровск қаласындағы әскерий гарнизон ҳәм Әмиўдәрья флотилиясы солдат ҳәм матрослары Петроалександровск солдат ҳәм матрос депутатлары Советин дүзди. Бул Совет қурамына А.Киршевский, А.Сурков, Д.Кондратьев, Н.Маркилов, И.Пермяков, А.Понятов ҳ.т.б. 738-ши Симбирск пыяда дружинасы солдатлары кирди. Бир неше күннен соң Хийўа ханлығындағы рус солдатлары арасында да солдат депутатлары Советi ҳәм дружина комитетлери дүзилди.

1917-жыл 7-март күни Петроалександровск қаласында Россия Ўақытша ҳүкиметиниң органы — Әмиўдәрья бөлими жәмийетлик қәўипсизликти сақлаў комитети ҳәм Әмиўдәрья бөлими атқарыў комитети дүзилди. Оның қурамына қала белсендилери Самборский, Шапошников, Памшев, Берсудский ҳ.т.б. сайланды.

Әмиўдәрья бөлими жәмийетлик қәўипсизликти сақлаў комитети бөлимде тынышлық ҳәм парахат турмыс кешириў ушын жағдай қәлиплестириў, зәрүрли азық-аўқат түрлерине баҳа белгилеў, жергиликли ҳәкимият органларын, Петроалександровск қалалық думасын дүзиў, «Мусылманлар аўқамын» шөлкемлестириў, сондай-ақ «жас хийўалылар ҳәрекетин қоллап-қуўатлаў» ҳәрекетин дүзиў және тағы басқа шараларды орынлаў ўазыйпасын өз қолына алды[1].

1917-жылы 16-апрель күни Петроалександровск қалалық Думасына сайлаўлар болып өтип, оның қурамына 8 европалы, 4 жергиликли миллеттен — барлығы болып 12 адам сайланды. Дума депутатлары арасында пахта заводы ийелери Щапов, Першин, А.Равилов, ири саўдагерлер Ширинский, М.Курбаниязов, А.Диваев, Н.Мусабеков, Р.Турапов, Н.Қазақбаев, К.М.Кузьмин, Ж.Аллакулов ҳ.т.б. бар еди[2].

Әмиўдәрья бөлими орайындағы сиясий жағдайды 1917-жыл 13-мартта Төрткүл баспаханасы ийеси К.В.Новиков Түркстан генерал

[1]**Досумов Я.М.** Очерки истории Каракалпакской АССР. Ташкент, 1960. — стр 76 — 79.

[2]ҚРОМА, 16-фонд, 1-опись, 17-дело, 46-лист.

губернаторына жазған хатында төмендегише тәрипледи: «Петроалександровск қаласында турыўшылар ҳәзирги ўақытта балға менен сандал арасында, яғный солдатлар республикасы менен жергиликли халық арасында турыпты. Әскерий дружинаны (738-ши Симбирск пияда дружинасы — авторлар.) басқа бир қалаға жибериў ямаса ҳәттеки фронтқа жибериў, оның орнына басқа бир дружина жибериў жөнинде қаланың гейпара адамлары ҳәм өз атымнан жоқары мәртебели сизден өтиниш етемен».

Петроалександровск қаласы турғынлары саны 1917-жыл апрель айында 2659 адам болып, соның ишинде 299 рус, 535 ураллы казаклар, жергиликли миллетлер 669, әскерий гарнизонда 1156 адам болды[1].

1917-жыл 4-апрель күни Хийўа қаласы көшелеринде көп мың адам қатнасқан митинг болып, оған қатнасқанлар «Жоқ болсын зорлық, жәбирлик, зулымлық», «Жасасын азатлық» сүренлерин ортаға таслады.

1917-жыл 5-апрель күни жәдидлер ўәкиллери сыпатында Асфандиярхан қабыллаўына барған Палўанияз хажы Юсупов ҳәм Назир Шаликаров жас хийўалылар талапларын баян қылды[2]. Қыйын шараятты есапқа алған хан «хуррият» ҳаққындағы манифестке қол қойыўға мәжбүр болды. Хан қол қойған ҳәм «хуррият» жәрияланған ҳүжжет 7 баптан ибарат болып, онда былай делинген: «Тарийх ҳижра мың жүз отыз бесинши жыл, мелодий жылдың бир мың тоғыз жүз он жетинши жылы апрель айының бесинши күнинде, мен, Хийўа ханы Саид Асфандияр Баҳадырхан төмендеги жазылған өзимниң пәрманымды жәрия қыламан. Әўеле, мениң садық пуқараларыма «Идораи Машрутия» бердим, олар өзлери қәлегенинше мәмлекетти шариатқа муўапық ҳәм заман бағдарына қарап басқарсын. Өзлери қәлеўи менен пуқаралардың мәсләҳәти менен сайлаў өткерип, ҳүкимет ислерине өзлери қәлеген әдил адамларды қойсын»[3].

Шәҳәр майданына топланып турған халық «манифести ханның өзи оқысын» деп талап етти. Халық алдына шыққан Асфандиярхан ҳүжжеттиң 2 — 3 қатарын оқып, көзине жас толып, тамағы буўылып қалды. Хан жанында турған Назир Шаликаров оның қолындағы манифести тартып алып, өзи ақырына шекем оқып берди: «Усы күннен

[1]ҚР ОМА 16-фонд, 1-опись, 3-дело, 23 — 24-листлер.

[2]**Полвонниёз Хожи Юсупов.** Ёш хиваликлар тарихи (хотиралар). Урганч: Хоразм, 1999. — 36 бет.

[3]ӨзР.ОМА, 126–фонд, 1-опись, 609-дело, 8-лист.



баслап Хийўа ханы аўдарылып, жаңа ҳүкимет дүзилди», дегенде хан жерге қарады. Қозикалон Худайберган ахун, Ҳикматулла ахун ҳәм Иброҳим ахунлар ҳүжжетке өз мөрлерин басты.

«Идораи Машрутия»ға баслық болып жас хийўалылар жетекшилеринен бири Палўанияз хажы Юсупов ҳәм Назирлар кеңесине баслық болып Ҳусаинбек Муҳаммадмуродов сайланды. Жас хийўалылар ҳәкимиятты өз басымшалық бенен басқарыўға шек қойыў, ханға, шаҳзадалар, беклер ҳәм ўәзирлерге қараслы артық пуллар ҳәм мал-мүлклерди қазнаға алыў, хан тәрепинен тартып алынған жерлерди дийқанларға қайтарып бериў, ири жер ийелери жерлеринен кәмбағаллардың турмыс тәрзини жақсылаўда пайдаланыў, өнимдарсыз жерлерди суўғарыў ушын арықлар қазыў, ўақым жерлеринен алынатуғын дәраматларды шариат ҳүкимине сәйкес халық билимлендириўине сарыплаў, балаларға бийпул тәлим бериў ушын барлық жерлерде мектеплер, бийпул кеселханалар ҳәм емлеўханалар ашыў, хан пайдасы ушын мәжбүрий мийнетти бийкар қылыў, жоллар ҳәм көпирлерди дүзетиўге кирисиўди режелестирген еди.

Жас хийўалылар дәслеп мәмлекеттиң дәрәмат дәптерин қолына алды. Тез арада пуқаралардың хан тәрепинен тартып алынған мал-мүлклерин қайтып бериў усынылды. Дийқанларға жер бериў, ўақым жер, мектеп, билимлендириў бойынша демократиялық шаралар әмелге асырыла баслады. «Идораи машрутия»да түркменлер ҳәм қарақалпақлар ўәкиллери болыўы мәселелери додаланды.

Әмиўдәрья бөлими ҳәм Хийўа ханлығында қос ҳәкимиятлылық кескин гүрес жағдайында усылайынша жүзеге келди.

1917-жыл март айының екинши ярымында Әмиўдәрья бөлими жәмийетлик қәўипсизликти сақлаў комитети Россия Ўақытша ҳүкиметине: «Әмиўдәрья бөлиминде жасаўшылардың кейиплери адам жаны титиркенерлик дәрежеде», деп хабарлады[1]. Әмиўдәрья бөлиминде азық-аўқаттың жетиспеўшилиги, бар азық-аўқаттың дурыс бөлистириў тәртибиниң бузылыўы, ажыратылған ақшаға шеттен ғәлле сатып алып келиўдиң созылыўы, ашаршылық қәўпиниң жүзеге келиўи, суўдың там-тарыслығынан егин жумысларының кешигиўи, қымбатшылықтың ен жайыўы, әмелдарлардың хызмет орынларынан пайдаланып, парахорлығының артыўы пайда болды. 29-апрель күни Шорахан

[1]**Төреев А.** Қарақалпақстан Февральдан Октябрьге. Нөкис, 1972. — 27-бет.

участкасында митинг болып өтип, қатнасыўшылар жер хәм суў мәселесин халықтың мәплерине ылайық шешиўди, Әмиўдәрья гарнизоны командирлериниң хәм Хийўа ханлығындағы әскерий басшы генерал-майор Мирбадаловтың бийбастақлық хәрекетлерин шеклеўди, жәхән урысын тоқтатыўды талап етти. Митинг қатнасыўшылары Әмиўдәрья бөлими жәмийетлик кәўипсизликти сақлаў комитети баслығы Самборкийдиң митинг қатнасыўшылары алдындағы «Әмиўдәрья бөлиминде улыўма тынышлық сақланбақта» деген хабарын жоққа шығарды.

## 3.3. Сиясий гүреске аўыл халқының тартылыўы

Жергиликли хәкимият басшылары «халықты қозғаўшы сум хабар таратыўшылардың бири» сыпатында, Шаббаз болыслығы пуқарасы Өте Тынымбаевты айыплаў жолларын қарастырды, Шораханғағы қозғаланды бастырыў ушын генерал-майор Мирбадаловтан бир рота солдат хәм еки пулемет жибериўди өтиниш етти. Мирбадалов «қозғаланды мүмкиншилигинше қан төгиўсиз тәртипке келтириў, керисинше болған жағдайда, жуўапкершиликти комитеттиң мойнына жүклеў» шәрти менен бул өтиништи орынлады[1].

Шымбай участкасы халқы болыс басқарыўшыларын, аўыл ақсақалларын хызмет орынларынан шетлетиў, өзлери усынған адамларды болыслық комитетке, аўыл ақсақаллығына өткериўди талап етти. Нөкис, Қоңырат болыслықларында усы мәнистеги гүрес кескин түр алды. Нәтийжеде халық Нөкис болысы Инаят Ниязовты, Қоңырат болысы Наўрызды болыслықтан шетлетти. Нөкис болыслығы комиссарлығына 1917-жыл 28-август күни 301 даўыс алып Инаят Ниязовтың дилмашы болып ислеп келген Төлебай Жаўлыбаев сайланды.[2]

Шымбай участкасы Көкөзек болыслығына қараслы 2-аўыл халқы аўыл ақсақалы Өтен «қара»ны елден шығып кетиўге мәжбүрлеген. Сырдәрья областының комиссарының Әмиўдәрья бөлиминдеги бул жағдайды тексериўге жиберген комиссар жәрдемшиси И.Караульчик жергиликли хәкимиятқа көрсетпе берди: «барлық басқарыўшы хызметкерлер ишки қыйыншылықлардан қутылыў, өзлериниң сиясий

---

[1] Россия Федерациясы ОМА, 11-фонд, 1-опись, 1176 дело, 135-бет.
[2]**Қошанов Б., Сейтназаров М.** Кризисный семнадцатый//»Вести Каракалпакстана» газетасы, 2002, 20 август.



ҳуқықларын иске асырыў, Ўатанның пайдасына қаратылған хәр қандай дөретиўшилик басламаларды қуўатлаў мақсетинде ғана жергиликли халық пенен аўқамласыўы мүмкин, ал Ўақытша ҳүкимет басқарыў механизмин ыдыратыўға алып келетуғын хәрекетлерди қәлемейди».

1917-жылы 24-май күни Әмиўдәрья бөлими жәмийетлик кәўипсизлик комитетиниң жаңадан сайланған баслығы Рудометкин Сырдәрья областлық комиссарына «Әмиўдәрья бөлими комиссарлығына жергикли халықтан усыныслыўға қолайлы адам жоқ», — деп билдирди. Назарханлы Қыдырды Әмиўдәрья бөлими комиссары, Шейхаббазға комиссар қылып Жүгинис төрени, ал Шымбай участкасына Турман дилмашты комиссар етип қойыў усыныслары қабыл алынбады. Тәртипти сақлаў ушын Әмиўдәрья хәм Арал теңизиниң қубласына арнаўлы «қорға-ныўшы» судно бөлип шығарылды.

Ўақытша ҳүкиметтиң миллий мәселени изге созыўға умтылыўына байланыслы халқымыздың Әмиўдәрьяның сол тәрепиндеги қарақалпақлар менен бирлесиў интаралары тағы иске аспады. Хийўа ханлығы қол астындағы қарақалпақ аўылларын баспашылардан қорғаў ямаса өзлеринен қорғаныў отрядларын дүзиў, оларды қураландырыў талаплары «Россияның шегаралық бир пүтинлигин бузыў» деп есапланылды.

Қарақалпақстанның арқа аймақларында қыс түсиўден Әмиўдәрьяны кесип өтип аўыллардан малларды алдына салып, қызларын ат алдына өңгерип кетип атырған түркмен баспашыларының ис-хәрекетлери халықтың жанына тийди. Гүзги дақылларын жыйнап үлгерген диханлар, өнерментлер қыс түсиўден лек-лек болып Ийшан қала әтирапына кимиси шатпа, кимиси қара үй тигип бәхәрге шекем жан сақлайтуғын әдетти шығарды. Ийшан қала әтирапына жыйналған шаңарақ саны 40 мыңнан да асып кетти.

Россия Ўақытша ҳүкимети Түркстан комитети халыққа келешекте сайланатуғын «Шөлкемлестириў жыйналысын» күте турыўды усыныс ете отырып, «хәр қандай жеке ҳуқыққа зәлел келтириўшилер» қатаң қуўдаланатуғынлығын ескертти.

1917-жылы жаз айларынан баслап ғәлләни жер участкасына қарай бөлистириў жолы менен салық алыў хаққындағы хабар халықтың наразылығын күшейтти. 1917-жыл 15-сентябрь күни Петроалександровск солдат депутатлары Совети дийқанлардың талапларына ылайық комиссия дүзип, азық-аўқат ушын жарлылардың дизимин алыў иси комиссияға тапсырылды.

1917-жыл июнь айында Хийўа ханлығына қараслы қарақалпақ аўыллары салық төлеўден де, ханлықтың қалаларына жайластырылған Ўақытша ҳүкиметтиң әскерлерине азық-аўқат, ат от-жемин бериўден де бас тартты.

Июль айында балық аўлаў орынларындағы руслардың армия хызметине алыныўына байланыслы Ўақытша ҳүкиметтиң арттырылған балық тапсырыў тәртибине Шымбай участкасы балықшылары бойсынбады. Олар балық аўлаў кәрханалары ийелерине қәўип туўдырыўдан тайынбады.

Сондай ақ Қубла Аралда мәўсимли балық аўлаўшы дийқанлар армия мүтәжи ушын балық таярлаў комитетиниң дузланған балықты сатып алған баҳасы бойынша емес, 4 манат 90 тийинге артық сатыў тәртибине қарсы қозғалаң көтерди. Қозғалаңшылар Арал жағалаўларындағы балық аўлаў өндирис кәрханаларын талады ҳәм бүлдирди. Қозғалаңның кескинлиги сонщелли, солдат депутатлары совети қозғаланды тынышландырыў ушын Қубла Аралға делегация жиберди.

21-июльде халық Петроалександровск Советиниң қарары негизинде жеке саўда дүканларын Советтиң қараўына өткериўди талап етти. Бул саўдагерлердиң шектен тыс баҳаны асырыў сиясатына қарсы бағдарланған еди.

Бул айда Қотанкөл аўылы дийқанлары өз жерлерин Нөкис болысының алғанлығы, ал Хожели беклиги дийқанлары Тасжаптағы егислик жерлерин қазақ урыў басшыларына бергенлиги ушын қозғалаң көтерди. 29-июльде Хожелиге жақын жердеги батрак ҳәм жарлылар Аракел Сапарянцтың семиклигиниң жерин тартып алды, еки мың десятина пахта майданын ойранлады[1].

Июльде усындай кескин гүрес Шымбай участкасының Көкөзек болыслығына қараслы 2-ши аўыл дийқанлары арасында келип шықты. Дощан байдың қытай урыўы қәўимине тийисли егислик жерлерге зорлық етиўи қураллы дийқан қозғалаңын жүзеге келтирди. Қозғалаң ўақытлары Дощан байдың төрт жигити жараланды. Оларды үйлерине кийиз ҳәм керегеге салып алып кеткен. Қозғалаң Шымбай уездлик комиссарлығынан келген комиссия ағзаларының дурыс шешимге келиўинен соң ғана басылған. Қозғалаңшылар «Үсенжап»тың суўынан

[1]Төреев А. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қарақалпақ үлкесинде дийқанлар ҳәрекети. —Нөкис, 1991. — 126-бет.



пайдаланыў арқалы оның жағалаўындағы егислик жерлерине гүзлик бийдай егиўди даўам етиўге ерискен.

1917-жылы гүзлик бийдай егиси басланар алдында усындай қозғалаң Қоңырат беклиги аўылларында да жүзеге келген. Дийқан қозғаланына Абылла «қара қурсақ», Бийжан бийлердиң Қоңыраттың жаўынғыр тийреси дийқанларына қараслы егислик жерлериниң бир бөлегин молла Қарашайымға астыртын сатып жибериўи себепли басланды. Қозғалаңшылардың саны 300 ге жетип, молла Қарашайым шарўаларына «Қазақ жап»ты қазыўға руқсат етпеген. Қозғалаңшылар урыў ақсақалларының төрешилиги арқалы аз ғана жерди қайтарып алыўға еристи ҳәм қозғаланды тоқтатыўға мәжбүр болды.

1917-жыл 3-августь күни Шорахан участкасының Мыңбулақ болыслығына қараслы 2 ҳәм 5-аўыл шарўалары «Кавказ ҳәм Меркурий» жәмийети басшыларының 219 пуд пахтасын Каган станциясына апарыўдан бас тартып, пахтаны қула дүзге таслап кетти.

Дийқанлардың ғәлле монополиясының енгизилиўинен бас тартыўына байланыслы, Әмиўдәрья бөлими болыслықларында азық-аўқат комитетлери дүзилмей қалды. Шымбай участкасы дийқанлары айрықша комитеттиң дизимге алыў тәртибине бойсынбай, күшли қарсылық көрсетти, нәтийжеде 1917-жыл октябрь айында халықты дизимге алыў комиссиясы өзиниң исин тоқтатыўға мәжбүр болды[1].

Хийўа ханлығында 1917-жыл май айында Хийўадағы Россия администрациясы ўәкили генерал Х.Мирбадалов тапсырмасы менен Юсуф ахун, Жалол ахун, Давлат ахун, Тавдий афанди, мулла Рамазон сыяқлы уламалар арнаўлы митинг шөлкемлестирип, онда «жас хийўалылар»ды «диннен қайтқанлар» деп жәрия қылды. Митинг қатнасыўшылары «Идораи машрутия»ны тарқатып, хан ҳәкимиятын қайта тиклеўди талап қылды. Нәтийжеде «Идораи машрутия»ның 17 ағзасы қамаққа алынды ҳәм олардың айрымлары өлим жазасына буйырылды. «Идораи машрутия»ның баслығы болып Ортиқ ахун, Назирлар кенгаши баслығы болып Исоқ хожа тайынланды.

1917-жыл 23-майда «Идораи машрутия» тарқатып жиберилди ҳәм оның ағзаларынан көбиси қамаққа алынды. «Жас хийўалылар» жетекшилери Палўанияз хажы Юсупов ҳәм Назир Шаликаров «динсизлик»те айыпланып, қозикалон судына берилди. Судта Назир Шаликаров «Мен Россия пуқарасы болғаным ушын мени ханның суды

[1]Россия Федерациясы ОМА, 400-фонд, 263-опись, 33-дело, 45-бет.

емес, бәлки Россия суды суд қылыўы мүмкин» деп, паспортын көрсетип, қозикалонның руқсат бериўин күтпей шығып кетти. П.Юсупов болса Хийўа әскерий гарнизонында хызмет қылыўшы бир рус әскери жәрдеминде судтан қутылып кетти. Бул ўақыялардан кейин П.Юсупов ҳәм Н.Шаликаров Ташкентке, Ж.Султонмуродов Петроалександровск қаласына, айрым «жас хийўалылар» Чаржоу ҳәм Мары шәҳәрлерине қашып кетти.

Буның үстине 1917-жыл август айында Ауғаныстаннан Хийўа ханлығына түркмен баспашылары көсеми Жунайыдхан (Курбан Мамед сардар, 1860 — 1938) келген еди.

1917-жыл июль айында Хийўаға 500 солдат жиберилди ҳәм Оренбург казак полкын жибериў туўралы буйрық берилди. Әскерий күшлер негизинен Маңғыт, Хожели, Қоңырат, Шоманай бекликлерине жайластырылды.

Деген менен август айында аўыл ҳәм қалаларда ашаршылық қозғалаңлары ғалаба түр ала баслады, 3-августта «Туркестанские ведомости» газетасы «ашаршылық себепли туўып атырған қәўипти ҳеш нәрсе менен иркиў мүмкин емес», — деп сыпатласа, 27-августта «Улуғ Туркстан» газетасы «ҳәзир Хийўада қорқынышлы ашаршылық, Хийўа қалаларында ашлардың қорқынышлы қозғалыслары келип шығып атыр», — деп көрсетти.

Хожели, Шоманай, Қоңырат бекликлеринде баспашыларға қарсы ерикли халық отрядлары дүзилди. 1917-жыл гүз айларында Хожелидеги падашы Сейдалы баслаўындағы дийқан отряды баспашылардан малмүлклерин алып қалыўға ериссе, Қоңырат беклигиндеги бирлескен халық отряды «Қанлыкөлде» баспашыларды қыйратыўға еристи.

Халықтың Ўақытша ҳүкиметтиң «тынышлықты сақлаў, халықты қорғаў» сиясатына исеними күннен-күнге жоғала баслады. Дийқанлар байлардың телек ураларындағы ғәллелерин «жазымын» таўып алып кетиўди, дүздеги мал ҳәм жылқыларын айдап кетиўди үрдиске айланды. Шымбай участкасының Көкөзек болыслығы 2-ши аўылы байларының бири Султан байдың 20 жылқысын үйирден қуўып алып кеткен.

1917-жыл сентябрьде Ўақытша ҳүкимет Хийўадағы әскерий комиссариатқа полковник Зайцевти тайынлады. Полковник М.И.Зайцев Хийўа ханы, Оренбург казаклары атаманы А.И.Дутов ҳәм баспашы Жунайыдхан менен тил бириктирип, қозғалаңшыларды қурал күши



менен бастырыў, қамақта жатырған 17 «жас хийўалылар»ды жазалаў режесин дүзди[1].

1917-жылы 20-сентябрьде Әмиўдәрья округлик сайлаў комиссиясы Россия Республикасы «Учредительное собрание» мәжилисине депутатлар сайлаў компаниясын баслады. Халық «Учредительное собрание» тәрепдары болып қалды, себеби «автономия» береди деп исенди.

Сентябрь айының ақырында Россия Ўақытша ҳүкимети Түркстан комитети халық қозғалысын тынышландырыў мақсетинде, генерал-майор Мирбадалов басшылығында комиссия жибериўди уйғарды. Ал, октябрь айында Хийўадағы әскерий комиссарлыққа Зайцевтың орнына полковник Карпинский жиберилди. Нәтийжеде әскерий ҳәкимлер жергиликли әмелдарлар менен бирликте аўылларға гезекли сақшы қойыў тәртибин енгизди. Олар дийқанлардың белсенди басшыларын айырыў илажларын да көрди. Мысалы, 1916-жылғы Шымбай участкасындағы миллий-азатлық ҳәрекетин баслаўшылардың бири Баспайға «тонаўларды шөлкемлестириўши» деген айып тағылды. Усындай жала менен Көкөзек болыслығындағы Бекберген де қуўдаланды.

1917-жылдың қысында Ийшан қалада уламалар ҳәм урыў бийлери менен болған мәсләҳәтте үш адамның ишинен көпшилик даўыс алып, енди ғана отыз жасқа қәдем қойған Убайдулла Бәҳәўатдинов хан көтерилди[2]. Бәҳәўатдин ийшанның улы Убайдулла 1897-жылы туўылады. Әмиўдәрья бөлимине 1918-жылы қызыл әскерлер менен келген Николай Шайдаков оған төмендегидей сыпатлама берген еди: «Убайдулла Бәҳәўатдин улы, 1897-жылы туўылған, қарақалпақ, қаңлы урыўынан. Кең жаўырынлы, айбатлы, қарыўлы адам. Күшли тәреплери — қайтпас жигер, қатаң тәртип ҳәм оның избе-излиги, ақыллы, идеяға ҳәдден тыс садық адам. Ҳәтте усы идеяларды әмелге асырыў ушын бир нешше мыңлаған адамларды қурбан етиўге таяр. Минези тынық, аз уйықлайды, мусылманларға ғамқор ҳәм ақылгөй, ислам душпанларына маўасасыз»[3].

Халық арасында «Хан мақсым» лақабы менен кеңнен белгили Убайдулла Бәҳәўатдинов шынжырлы «Кумөзек ийшанлары» әўладларынан келип шыққан, оқымыслы, жигерли, өз заманының алдыңғы идеяларын түсинетуғын адам болған. Ийшан қалада жети

[1]**Муҳаммадбердиев К.Б.** История Хорезмской революции. — Ташкент, 1986. — 44-бет.

[2]**Усенов Е. Хан Мақсым.** — Нөкис. 1997. — 34-бет.

[3]**Щербаков Н.** Таким было начало: Воспоминания о боевом походе в Амударьинский отдел в 1919-1920-годов. — Ташкент, 1964. — 89-бет.

үйден бир нөкер алынып, машық жасаўға руқсат етилди. Жыйналған нөкерлер арасынан онбасы, елиўбасы, жүзбасы сайланды. Жаў-жарақларды сатып ала баслады.

Хан мақсым тек ғана түркмен баспашыларына қарсы гүресиў ушын ғана хан болып сайланбаған. Россиядағы алғаў-далғаў ўақыялар империяның түпкирдеги халықларын ойландырды, әййемнен ой сезимде жасап киятырған миллий-азатлық сезимлери ояна баслады ҳәм конкрет илажларға өтиўге ийтермеледи. Мысалы, Қазақстандағы Амангелди Иманов, Орыс Таймановлар басшылығындағы халық көтерилислери басқыншыларға қарсы азатлық гүреслери еди. Өзбекистандағы Намаз Пиримкулов басшылығындағы ҳәрекеттиң күшли болғанын да айтып өтиўимиз керек[1]. Ашлық ҳәм жоқшылықта жасап атырған халық Хан мақсымды хан етип сайлап үлкен гүреске бел байлады.

Хан мақсым хан болып сайланғаннан кейин де орайласқан ҳүкиметке кескин қарсы шықпай сай ҳәрекетлер ислемекши болған екен. Халық пенен бирге ислесиў барысында салық жыйнаў, әскер жыйнаў, халықтың турмысы менен тереңнен танысыў, ишки хожалық жумысларын алып барған.

Дәслепки жумысы халықтың жан есабын алыў еди. Әскер салығын бәнелеп ҳәр бир шаңарақтан бир қосуўыс бийдайдан жыйнатып үйлердиң санын шығарған. Түтин түтеткен шаңарақлар саны 40 мыңнан аслам деп белгиленген. 40 мың хожалық пүткил Шымбай аймағынан жыйналған ҳәм Ийшан қалаға жайласқан екен. Жети үй бир нөкерден беретуғын болып, олардың азық-аўқаты сол шаңарақларға жүкленген.

6 мыңға жақын нөкерлер еки топарға бөлинип, бир топарына Бексыйық аўылынан Мадреим «кәл» батыр, екинши топарына Үсен Гаппар улы басшылық еткен. Нөкисли С.Қыдырбаевтың мағлыўматына қарағанда Хан мақсымның ең исенимли Әмет «жүн» ҳәм Қыдырнияз «кәл» лақаблы орынбасарлары болған[2].

Бийдайға алмастырыў жолы менен хийўалы Абдулла жүзбасы, назарханлы Атажан «қулақ», түркмен Бердимбетлерден қурал-жарақлар алған.

Хан мақсым халықтың күн-көрисин жақсылаўға аянбай күш салған. Ултаны қайыр теўип қалған; батыл болған «Қумөзек» каналы орнына жаңадан жап қазыўды шөлкемлестиреди. «Жүзим бағлы» Файзулла мурап

---

[1]Ўзбекистон янги тарихи. 2 китоб. — Тошкент, 2000. — 23 бет.
[2]Еркин Қарақалпақстан, 1992, 23-апрель.



Маткаримов «Файзулла арнадан» жаңа арна тартыўға басшылық етеди. Жаңадан қазылған арнаның еки бойын жыққын жығып кете бергеннен Хан мақсымның усыныс менен «Тентек арна» деп атаған екен. Басқа мағлыўматларға қарағанда «Тентек арна» атамасы қарақалпақ халқының аға бийи Ережеп «тентек»тиң аты менен байланыслы болған.

Хан мақсым қарамағындағы аўыллардан шебер қызларды жыйнатып, оларға өнер үйретиўди шөлкемлестирген, екинши жағынан жас қызлар Хан мақсымның қанатында болып, түркмен баспашыларының басып алып кетиўинен сақланған. Шебер қоллы өрнек тоқыўшылар, кийиз басыўшылар, қара үй соғыўшылар, гилем-палас тоқыўшылар шақыр-тылып, үлкен инабатлы жумыс басланған. Диний ҳәм дүньялық тәрбия, мийман күтиў үйретилген.

Көп санлы халық «енди елимиз тыныш парахат турмыс пенен жасайды, халқымыз абат болады» деген исеним менен Ийшан қала әтирапындағы қаланы «Халқы абат» ямаса «Халқабад» деп атай баслайды.

Халық арасында кең таралған төмендеги тарийхый қосықлар менен Хан мақсымның 1917 — 1918-жыллардағы баспашылардан қорғаныў илажларын шөлкемлестириўдеги үлкен хызметин атап өтпекши едик. Бул тарийхый қосық қатықулақ нураный ағамыз Турсынбақый Әбдимуратов тәрепинен халық арасынан жазып алынған еди.

Хан мақсым киятыр Қызылдан асып,
Изинде қырық жигит өкшесин басып,
Ийninде беш атар дәрьядай тасып,
Қырық жигитке басшы болған Хан мақсым.
Хан мақсымның минген аты омыраўлы,
Оң жағынан шалқып туўған айлары,
Халықтың арзасы әдил сораўлы,
Бес қалаға мәлим болған Хан мақсым.
Оң жағынан шалқып туўған айлары,
Бағы бостан болған мәкан жайлары,
Шынықул болды бақ қараған байлары,
Халқабадтын атын қойған Хан мақсым.
Қырманлардан дән толтырып қапшыққа,
Аўқат ушын жәрдемлескен ашлықта,
Ашларды жеткерген ўақты хошлыққа,
Шынықулдай мәртлериң бар Хан мақсым[1].

---

**Әбдимуратов Т.** Шынықулдай мәртлериң бар, Хан мақсым // Еркин Қарақалпақстан, 1992, 16-май.

1917-жылы 1-октябрьде Петроалександровск қалалық Думасына сайлаўлар өткерилип, оның қурамына төмендеги қала турғынлары сайланды: Д.Аллакулов, В.Н.Ахлопков, А.Бабажанов, М.А.Берсудский, И.Бекчурин, Н.С.Иванов, К.М. Кузьмин, И. А. Мальцев, Н. Мусабеков, К.В Новиков, В.Н. Памшев, И.И. Першин, А. Равилов, И.И. Ратушенко, А. Садыков, В.М. Самборский, Ф.Ф Суторихин, Р. Турапов, Е.К. Чубоков, А.А. Щапов. Петроалександровск қалалық Думасы баслығы болып В.Н.Ахлопков, баслықтың орынбасары болып К.М. Кузмин, хаткери болып М.Е. Блинов сайланды[1]. Қала ҳәкими болып Ф.М.Корнилов тастыйықланды.

Қарақалпақстанда, анығырағы Әмиўдәрья бөлиминде, 1917-жылдың март-октябрь айларында үш ҳәкимиятлылық болып турды:

— европалы солдат ҳәм рабочийлардың органы сыпатында Петроалександровск солдатлар, матрослар, рабочийлар Совети қураллы күшке ийе болғаны менен тек ғана аймағында реаль ҳәкимиятқа ийе еди.

— Әмиўдәрья бөлими комиссары Памшев, Петроалександровск жәмийетлик қәўипсизликти сақлаў комитети, Петроалександровск қалалық Думасы Россия Ўақытша ҳүкиметиниң Түркстан Комитети буйрықларын орынлаўға умтылды, деген менен бул ҳәрекет тек ғана қала әтирапында орынланар еди.

— Аўыллардағы бурынғы ҳәкимият дәўиринен сақланып қалған болыслар, бийлер, ақсақаллар ҳәкимияты өз бийлигин даўам ете берди. Сондай ақ ашлық ҳәм тонаўшылық жағдайында Ийшан қаланың халқының Хан мақсым әтирапында жыйналып, оны хан деп жәриялағаны сыяқлы аўыл ҳәм қышлақ пуқаралары өзлерин-өзлери қорғаўға кирисги.

Жуўмақлап айтқанда, 1917-жылғы февраль-октябрь айларында Әмиўдәрья бөлими менен Хийўа ханлығы қурамындағы пуқаралардың сиясий белсендилиги күшейе баслады.

---

[1] ҚР ОМА, 16-фонд, 1-опись, 1-дело, 22 — 23 листлер.



## 3.4. «Ашаршылық» жылы

1917-жыл халық яднамасында ашаршылық жылы сыпатында белгили болып, аўыл-қалаларда Шымбайдағы Халмурат бай, Асқар бай усаған қурғын адамлар үлкен қазанларға аўқат писирип, ашларға үлестирген — «шүлен қазан» жылы атағын алған еди. Қаллы Айымбетовтың еске түсириўинше «бир күнлери Шымбайда Асқар бай менен Халмурат байлар Россиядан ақ қапшық пенен ун әкелдирип, пахта алыў ушын несийеге берип атыр ҳәм ашырқаған әпендилерге арпадан жарма писирип атыр деген хабарды қалаға кеткен базаршылар таўып келди»[1]. Асқар байдың ашларға үлестирген арпа жармасы бираз адамлардың жанын сақлаған, ал биразлары кеўип исип өлип те кеткен. Аш адамларға арпа жарма жетпеген жағдайда Асқар бай суйық жарманың ишине «Кегейли» арнасының ылай суўынан қосып араластырып, қуйып берип тур екен деп айтып келиўшилер де болған. Сол күнлери халық арасында Асқар бай ҳаққында айтылып жүрген қосықтан:

Асқар байлар алып келди қапшықты,
Ҳәр ким тапқан малын сатып жеп шықты,
Жармасынан ылай суўлар көп шықты,
Шықпас жанға себеп болған Асқар бай.

деген қатарлары ғана Қаллы Айымбетовтың есинде қалған.

Биринши жер жүзилик урыс жыллары Әмиўдәрья бөлиминиң өзинде дийханшылық пенен шуғылланыўшылар 2,5 мыңнан аслам, балықшылық тарайында ислеўшилер 6 мыңға шамалас, өнерментшиликте 2 мыңға, саўда да 1281 адам болды.

Патша басқарыўшыларының мәрдикарға жибериў сиясатына қарамастан талап излеп кетиўшилер Хийўа ханлығында 20 мыңға шамалас болса, Әмиўдәрья бөлиминде 15 240 адам болған. Дийқанлардың алатуғын хақылары орташа жылына 7,6 тиллә (13 манат 68 тийин) ақшалай, 8 — 10 батпан ғәлледен аспаған.

Мәмлекетлик алым-салықлар халықты тағы да ҳәлсизлетти. Биринши жер жүзилик урыс жыллары алым-салықлардың түрлери көбейип, тийкарғы салықлардың көлеми арттырылды. 1915-жылы

---

[1] **Айымбетов Қ.** Өткен күнлерден елеслер. Нөкис, 1972. — 82-бет.

Әмиўдәрья бөлимине қараслы Шорахан участкасында бир танап жерден алынатуғын салық 50 %, ал Шымбай участкасында хожалық салығы 10 манатқа жетти. Хийўа ханлығына қараслы сол жаға қарақалпақ жерлеринде жер салығы хожалыққа 7 — 11 сомға шекем көбейди.

Туўры ҳәм кесене алым-салықлардың муғдары әмелдарлар тәрепинен хожалықларға бөлистириў ўақытлары көбейтилип отырды. Әмелдарлардың усындай аса кеткен қыянатшылықлары гейпара патша чиновниклерин де таңландырып отырды. Олардың бири: «қазы ҳәм болыслардың ҳәр бири жыл сайын алым-салықлар жыйнаў ўақытлары онлаған мың сом табыс табады», — деп жазды Түркстан районлық қорғаныў бөлими начальнигине.

Дийқанлар жийи-жийи билетсиз тоғайдан отын алғаны, малға от-жем таярлағаны, тоғай жерлерин егисликке айналдырғаны ҳәм т.б. ушын жәрийма төлеўге де мәжбүр болды. Себеби, тоғайлыққа айлана баслаған егислик жерлерди қазнаға алыў, оларды қорғаўды тежеў бурынғыдан да күшейди. Ал, қымбатлатылған отын алыў билетине пул табыў дийқанлар ушын қыйын еди. Бир куба сәтен сексеўилге, жийдеге, талға 18, қарабараққа - 2 манат талап етилген. Руқсат билетисиз тоғайға қол созғанлардан алынатуғын штрафтың мөлшери 50 манаттан 200 манатқа шекем жеткен.

Транспорттың өндирилген өнимлерди ўақтында тасып алып кетиў итималының жоқлығына, балықшылық өндирис орынларының урыстағыларды азық аўқат пенен тәмийинлеўге өткерилиўине байланыслы дийқанларға өндирген пахталарын, жоңышка туқымларын, балықшыларға аўлаған балықларын кемине сатыўға туўра келди. Ал, саўдагерлер басқа губерниялардан азық-аўқат, кийим-кеншек затларын көплеп алып келмей, алып келгенлерин де базарға салмай, жасалма түрде қымбатшылық туўдырыўды үрдиске айналдырды. Ғәлле сатыўшылар дәнди базарға шығара қойған жағдайда да оған топырақ араластырды. 1916-жылдың ақырында Хийўа базарынан дән табылмай да қалды. 1915-жылдан баслап азық-аўқат затларына баҳа 3 — 4 есе жоқарылады, ал кийим-кеншек затларына баҳа 200 — 300 процентке көтерилди, бул халықтың әбден ҳәлсиреўине алып келди[1].

Гедей, гезенде дийқанлардың Шымбай, Хожели, Қоңырат базарларында жумыс таба алмай көплеп қаңғырып жүриўлерине байланыслы,

[1]**Зияева Д. Х.** 16-йилнинг хур шамоли//Мустақиллик бу ҳуқуқ. —Тошкент, 1997. — 38 — 44 бетлар.



мәўсимли күнликшилик талабының табылыўы да қыйын болды. Усының салдарынан күнликшилердиң күнлик хақылары орташа күнине 25 — 30 тийиннан аспаған. Олар күнликшилик талап табылғанға шекем тарығып, өзлериниң өмирлерине наразылығын «күнликшиники күнде» сөзлери арқалы билдирип отырған.

Халықтың азық-аўқаттың жетиспеўшилигине, оларға баҳаның қымбатлағанына қарсы наразылықлары шөлкемлескен түр ала баслады. Әсиресе, қубла Арал жағалаўларындағы балық аўлаў менен шуғылланыўшылар арасында, азық-аўқат комитети жумысының нәтийжесизлигине байланыслы ғалаба қозғалаң келип шығыў қәўпи күшейди. Оннан қәўипленген азық-аўқат комитетиниң баслығы 1917-жылы 10-январь күни Түркстан генерал губернаторына «тезирек шара көрилмесе, Арал айланасында жасаўшы халықлардағы ғәлле ашаршылығы жүдә қәўипли», — деп хабарлады. Аўыл ҳәм қала халқы затларға артық баҳа қойып сатыўшыларды судқа тартыўды талап етти. Россиялы саўдагер ҳәм аптекарь Берсудский Хийўа ханлығына қараслы аўыл ҳәм қала халықлары талабы бойынша базарда затларға артықша баҳа қойып сатқанлығы ушын Петроалександровск қаласы думасы депутатлығынан босатылды.

Халық салықтың аўырлығына ҳәм ҳәр қандай кемситиўлерге қарсы қозғалаңлар көтерди. 1917-жылдың басларында Әмиўдәрья бөлими Шымбай участкасы Көкөзек болыслығына қараслы 2-ши аўыл дийқанлары Өтеп ақсақалдың наразылығына қарамай, мәжбүрий салық өндириўге қарсы қураллы қозғалаң көтерди. Қозғалаңшылар салықшылар тәрепинен тартып алынған өзлерине тийисли малларын ҳәм затларын алып қалды.

Петроалександровск азық-аўқат жетистириў ҳәм бөлистириў комитети Дон ҳәм Кавказдан ғәлле сатып алып келиў, оған ақша ҳәм адам ажыратып шығарыў ислерин режелестирген еди. 1917-жылы июнде Сырдәрья областы басшылары уездлердеги жер салығы мәкемелерин жабыў туўралы қарар қабыл алған еди. Арал теңизиндеги балықшылықты қадағалаў бойынша жаңадан жоба ислеп шығыў уйғарылған еди. Усы илажлардың тез ис жүзине асырылмай кешиктирилиўи, қордағы бар азық-аўқаттың да алалап бөлистирилиўи (рус тиллес миллетлерге қарағанда жергиликли халықлардың жан басына 16 кг 700 грамм кем есапланылған) колониаллық езиў үлгилериниң сақланыўы халықты тынышсызландырды.

1917-жылы 17-майда Жаңа Үргенчтеги почта-телеграф конторасы баслығы Әмиўдәрья бөлими начальнигинен қайғылы ақыбетлерден сақланыў мақсетинде кеңсе ҳәм ғазна мүлкин қорғаў ушын Жаңа Үргенчке ярым рота солдат жибериўди өтиниш етти.

1917-жыл июньде ашаршылық «бунты» күшейди. Күн көриў дереклеринен айырылған дийқанлар саны, тонаўшылық пенен күн көретуғын «қалтаманлар» көбейди. Олар жазасын өтеп келген Ғайбулла, Бекберген ҳәм тағы басқа «қарақшылардың» әтирапына топланды. Олар ғәлле ҳәм малы көп байлардың үйлерине қәўип туўдыра баслады. Базар күнлери жолда қурғын адамларды тонаў, олардың ураларынан ҳәм ғәллеханаларынан көзлериниң тасасын таўып ғәллени алып кетиў ҳәрекетлери көбейди.

Май айының ақырында күшли қәўетерленген Петроалександровск азық-аўқат комитети Ташкентке жоллаған телеграммасында «дөгерегимиздеги туземлилерде ашаршылық қозғалаңы жақынласыўда. Делегат Зеленин жиберилиўге тийисли ғәлленин жиберилгенлиги туўралы хабар бермей атыр. Комитет тез арада ун жибериўиңизди өтинеди. Егер ис шийеленискен жағдайда, жуўапкершиликти өзимизден алып таслаймыз», — деп билдирди.[1]

## 3.5. «Ўақытша ҳүкиметке» қарсы экономикалық наразылық ҳәрекети

1917-жылы 8-январь күни Әмиўдәрья бөлими Шорахан участкасы Тамды болыслығының 3-аўылы шарўалары арасында күшли қураллы қозғалаң келип шықты. Қозғалаңның келип шығыўына Тамды болысы басқарыўшысы Жаўлыбаев ҳәм оның хаткерлериниң шарўаларға ислеген қыянатшылықлары, болыс басқарыўшысының Бекмурат деген аўыл жарлысының Умсын деген қызын зорлап алып кетиўи себеп болды. Болыстың ислеген қыянатшылықларына ызаланған қозғалаңшылар мылтықлар менен қуралланды ҳәм болыстың аўылына қарай жүрди. Жолда Петроалександровск қаласынан қайтып киятырған болыстың хаткери менен ушырасты. Қозғалаңшылар оны услап аўылына алып келди ҳәм үйге қамады. Қозғалаңшылар болысты судқа тартыўды Әмиўдәрья бөлими начальнигинен талап етти. Бул талаплар иске

[1]Төреев А. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қарақалпақ үлкесинде дийқанлар ҳәрекети. —Нөкис, 1991. — 137-бет.



асырыла қоймады. Буған қасарысқан Тамды болыслығы шарўалары мәмлекетлик мәжбүрий түрде Петроалександровск қаласына отын тасыўдан бас тартты. Әмиўдәрья бөлими начальниги шарўаларға қарсы шешиўши илаж қоллана алмады.

Әмиўдәрья бөлими халқы менен бир қатарда Хийўа ханлығына қараслы қарақалпақ аўыл ҳәм қалаларында да азатлық гүреси күшейди. Хожели, Шоманай, Қоңырат бекликлери адамлары өзлеринше тоғайларда ағаш шабыў, тоғайларды дийқаншылыққа қолайлы егислик жерге айландырыў ҳәрекетлерин күшейтти. Бул ҳәрекет 1917-жылдың басларында-ақ Хожели ҳәм Қоңырат бекликлеринде тоғай хожалығының қыйралыўына алып келди.

1917-жылдың басларында Хожели, Шоманай, Қоңырат бекликлери дийқанлары суўдың жеткиликсизлигине наразылық көрсетиўди күшейтип жиберди. Олар жекке басының ғамын ойлаўшы басшыларды хызмет орынларынан шетлетиў талапларын да қойды. Қысқа ўақыт ишинде Қоңырат беклигиндеги Хийўа ханы хәкими еки рет өзгертилди. Хийўа ханы бунның себеплерин Қошым қазыдан көрип, оны қазылық хызметинен босатты. Әмелдарлар өзлериниң халықты қанша ўақыт басқара алатуғынына исенбеди.

Ескене ҳәм Шомақ батырларды жазымын таўып өлтириўге ерискен баспашылар Шоманай ҳәм Хожели бекликлери халқын тонаўды күшейтти. Баспашылардың тонаўына шыдамаған қазақ ҳәм қарақалпақ дийқанлары Хожели беклигиндеги Тасжап бойындағы егислик жерлерин таслап, Әмиўдәрьяның оң тәрепиндеги Нөкис болыслығы қараўына көшип өтиўге мәжбүр болған. Тонаўшылыққа шыдамаған халық өз есабынан нөкер дүзиўге руқсат етиўди ямаса баспашылардың тонаўынан қорғаўды Әмиўдәрья бөлими начальнигинен талап етти. Халықтың талабынан қәўипленген начальник Шоманай ҳәм Маңғыт бекликлерин қорғаў ушын бир отряд солдат жибериўге мәжбүр болды. 1917-жыл 18-январь күни отряд Маңғытта халықты тонаўшы Мухаммедмурат басшылығындағы баспашыларды қыйратты.

Соның менен бирге 1917-жылдың январь айында Әмиўдәрья бөлиминен 64 «терсекей» адам қамаққа алынды. «Қара арбада» күнине бир қыздан талап етип отырған Хийўа ханы Асфандияр Түркстан генерал-губернаторының кеңеси бойынша 1917-жылы 19-январьда Россияға дем алысқа кетти. Бул илажлар да айтарлықтай нәтийже бермеди.

1917-жылдың февралында өнерментшилик кәрханалары рабочийлары менен бир қатарда дийқанлар да қозғалыса баслады. Дийқанлар

арзан баҳада пахталарын сатыўдан бас тартыўды күшейтти. 1917-жыл 21-февральда Ярославль мануфактурасы шериклиги конторасы бас басқармаға «дийқанлардың пахтаны сатыўға алып келиўи созылып атыр, халықта пахта еле де бар, бирақ төменги сорт басым болыўы керек, олардағы биринши сорт пахта көп емес болыўы итимал, дийқанлар оны қымбат баҳада сатыўды гөзлеп алып келмей атыр», — деп хабарлады.

Ярославль мануфактурасы шериклиги конторасы басқармаға исенимсизлик пенен «гүздеги ҳәм қыстағы қурғақшылық, суўдың азлығы себепли бизге пахта тапсырыўшы дийқанлардың ҳәзирше пахта егисиниң майданын анықлаўға мүмкиншилик бермейди, бирақ пахта егиси майданының өткен жылға қарағанда қысқарыўын болжаўға болады. Деген менен, дийқан клиентлеримизге тұқым шигит, кредит бериў, мүмкиншилигине қарай алдағы пахта өнимине аванска ақша берип қойғанымыз жөн болар», — деп хабарлаған еди. Дийқанлар мануфактура ийелериниң гүздеги пахта өнимине ақша берип қойыў тәртибине көнгиси келмеди.

Дийқанлар мәмлекетлик миннетлилик тәртиплерине де қарсылық көрсетиўди күшейтти. 1917-жыл 24-февральда дийқанлардың усы ҳәрекетинен қәўипленген Әмиўдәрья бөлими начальниги Түркстан генерал-губернаторына: «мәмлекетлик тәртипке ылайық, қазақ шарўалары отын тасып бериўдиң орнына өз бетинше көшип кеткенлиги себепли гарнизон солдатларын отын менен тәмийинлеў мүмкиншилиги жоқ. Қайықлардың жоқлығынан Дарған атадағы таярлап қойылған 12 мың пуд сексеўил де алып келинбей атыр. Усы отынды қазналық тәртип бойынша Әмиўдәрья флотилиясына әкелип бериўге тез буйрық бериўиңизди өтинемен», — деп билдирди.[1]

Қулласы, Россия Ўақытша ҳүкимети ҳәм жергиликли органлар Қарақалпақстан үлкеси ҳәм Хийўа ханлығындағы сиясий-экономикалық жағдайды басқара алмады. Хожалықтың ўайранланыўы күшейе берди. Жарлылар көбинесе көк шөп пенен аўқатланды ҳәм аштан исип-кеўип өле басланды. Көплеген аймақларда жас балаларды ҳәм қызларды сатыў орын алды. Әмиўдәрьяның өр бетиндеги (жоқарыда) жасаўшы қурғын адамлар қыз сатып алыў ушын арбалы, кемели Қарақалпақстанның арқа аймақларына келди. Жас-өспирим қыз-балалар қалаларға толып

---

[1]**Төреев А.** XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында қарақалпақ үлкесинде дийқанлар ҳәрекети. —Нөкис, 1991. — 138-бет.



кетип, қызғын саўда басланды. Жас қызларды тек ғана дәнге алмастырды.

Саўдагерлер ҳәм алып сатарлар ашаршылықтан пайдаланып, нанның баҳасын қымбатлата берди, сүтхорлар көплеп пайда түсириўдиң жолын ғана ойлады, байлар батракларды азаннан қара кешке дейин пүткиллей мийнет ҳақысыз дерлик, көбинесе аўқаты ушын ғана ислеўге мәжбүр етти, санаат кәрханалары ийелериниң қылўалары да олардан қалыспады. 1917-жылы бәҳәрде дийқанлардың жапларды қазыў миннетлеринен бас тартыўлары себепли, суўдың кемтарлығынан көпшилик жерлерде гүзлик бийдайдың көгермей қалыўы дийқанлардың турмысын аўырластырды.

Белгили илимпаз Қаллы Айымбетов бул жылларды былайынша еске түсирген: «Еле емес-емес есимде, егин егиўге суў болмады. Ел аш-әптада болды, алағат заман басланды. Сол заманның бир жылы «атшоқай, қызыл тары жылы» болып атанды. Адамлар егин егиўге атызларға, жапларға тамшы суў келмей, қыс азықсыз қалды. Қыс қатты келди. Қолларына бел, кетпен алып, көлдеги жекенниң тамырын (ат шоқайын) қазып алып жей баслады. Ат шоқай жан сақлады. Көклемде көгерип шыққан жоңышқаның көгин ҳәм жазда қумға көгеретуғын «қызыл тары» деп аталатуғын жабайы шөптиң дәнлерин алып қайнатып ишти».[1]

Арал теңизинен балық алып келгенлер балықтың уўылдырығынан да ун қылып тартып тамақ қылған. Балықтың уўылдырығын кеўип кеткеннен кейин жеўге болмайды екен. Жазы менен мийнет етип, егип алған тарысы барлар, ол тарының кепегине дейин тазаламастан қуўырып дигирманға тартып, ун етип «басалай» тақан етип алған. Бәҳәрде қаўын егетуғын пәллеге алып келтирип қойған қаўын шопақларды суўға езип, шолпыдан өткерип, сүзип, асқатық етип қатқан ўақытта, пәлленин қарасы мәшабадай болып көринеди, оған қатқан қаўын тұқымның тақанын шойын қазанға қуйғанда машабаға сүт қатқандай болып көринеди.

Аш-әптадалықта жасап атырған пуқара халыққа түрли бәле-бәтер табылып турды. Ашлықтың салдарынан ҳәр түрли шөплердиң түбирин, жапырағын жей берген адамлардың иши аўырып, тырыстырып, төсекке жатқызды. Елде тырыспай аўырыўы тез арада ен жая басланды.

---

[1]**Айымбетов Қ.** Өткен күнлерден елеслер. Нөкис, 1972. — 78-бет.

Көше-көштен әрман қалмады,
Көрпе арқалап белде дәрман қалмады,
Абат болсаң айланарман Кегейли.

деген қосық қатарлары сол жыллардың халық яднамасынан дәрек береди.

Жуўмақлап айтқанда, биринши жер жүзилик урыс жылларында күшейген экономикалық ҳәм социаллық тараўдағы апатшылық Әмиўдәрья бөлими менен Хийўа ханлығында оғыры үлкен көлемде болды. Азық-аўқат мәселеси сиясий мәселе менен бир қатарда турды. Үлкемиз тек ғана пахта жетистириў аймағы болып, сырттан келетуғын ғәллеге ғәрезли болып қалды, өзлериниң жетистиретуғын ғәллеси тек 30% қурайтуғын еди. Урыс себепли, темир жол транспорты қыйралыўынан 1916-жылдың ақырында үлкеге ғәлле алып келиў кескин тоқтады. Буның үстине 1916 — 1917-жыллардың қатаң қыс айлары ҳәм 1917-жылдың бәҳәриндеги суў тамтарыслығы жағдайды кескинлестирди. «Туркестанские ведомости» газетасы 1917-жылы 29-апрель күни «Түркстан тарийхында бундай аўыр жыл болған емес» деп жағдайды баянлады.

## 3.6. 1917-жылы Әмиўдәрья бөлиминде совет ҳәкимиятының орнатылыўы ҳаққында тезис

Рәсмий совет тарийхнамасында «1917-жылы 11 — 12-декабрьде Петроалександровск қаласында солдатлар ҳәм басқа да советлер тәрепиндеги революцияшыл күшлер казак отрядларын бийтәреплендирип, қан төгиспесиз-ақ совет ҳәкимиятын орнатты» деп жазылған. Буннан кейин Шораханда, Шаббазда, Бийбазарда, соңынан 1918-жыл 1-январьда Шымбай ҳәм Нөкисте совет ҳәкимияты орнатылған. 1918-жылы январь айының биринши ярымында Мойнақ ҳәм оған жақын ярым атаўларда совет ҳәкимияты орнаған. Бул ўақытта сол жағалықтағы Қарақалпақстан жеринде совет ҳәкимияты орнамаған, себеби сол жағалықтағы халықлар Хийўа ханлығына қараслы болып, оларда еле большевиклерге қарсы күшлер басым еди деп тастыйықланар еди[1].

Ғәрезсизлик дәўиринде баспадан шыққан жаңа тарийхый мийнетлерге сүйене отырып, бурын пайдаланылмаған архив ҳүжжетлерин илимий айланысқа енгизип, халық арасында таралып кеткен «болшойбек», яғный большевиклер ҳәкимияты Әмиўдәрья бөлиминде қашан орнағаны жөнинде пикир жүритемиз.

[1]Қарақалпақстан АССРы тарийхы. — Нөкис, 1989. — 178-бет.



1917-жылы ноябрьде Ташкент қаласында дүзилген Түркстан үлкеси Халық Комиссарлар Кеңеси европалы пуқаралардан ибарат болып, аймақтағы халықлар денесине кирген тикендей болып турды ҳәм онлаған жылларға артқа ылақтырғандай кемшиликлерди жиберди.

Ташкенттеги аўдарыспақ область, уезд, болыслықларда совет властының «салтанатлы жүрисин» аңлатпады. Совет властының жергиликли жерлерде жеңисиниң тезлиги олардың Ташкенттен қанша алыслығы, ўәлаяттағы сиясий күшлердиң тең салмақлылығына ғәрезли еди.

1917-жылы 30 октябрьде Петроалександровск қалалық Думасы В.А.Ахлопков, К.М.Кузьмин, Ф.М.Корнилов, М.А.Берсудский, И.И.Бекчурин, Н.С.Иванов, И.А.Мальцев, Н.М.Мусабеков, К.В.Новиков, В.Н.Памшев, А.Р.Равилов, А.С.Садыков, А.А.Щапов, Л.Т.Яровичук қурамында болып өткен мәжилисинде Петроград ҳәм Ташкенттеги большевиклер ҳәрекетин қаралап, Ўақытша ҳүкиметти қоллап-қуўатлайтуғынын билдирди. Ташкенттеги қалалық Думаға төмендеги мазмунда телеграмма жибериледи: «Петроалександровск Думасы Ўақытша ҳүкиметти қоллап қуўатлайды. Дума ҳүкимет пенен Ташкент Думасы бизлерге жәрдем береди деп исенеди. Петроалександровск қаласында тәртип бузылмады»[1].

Петроалександровск қалалық Думасы сондай-ақ, қалада турғынлардың қәўипсизлигин күшейтиў бойынша илажлар ислеп шығыў, бул мәселе бойынша солдатлар депутатлары Совети менен сөйлесиўлер жүргизиўди қолға алады.

10-ноябрьдеги мәжилисинде қалалық Дума Ташкент қалалық Думасының 12-ноябрьде Түркстан үлкеси қалалық Думалары съездине мирәтнамасын додалап, үш делегат жибериў усынысы қабыл етилмейди. Ташкентке «делегатларды атландырыў мүмкиншилигине ийе емеспиз. Россияда турмыстың жаңа формасын қурыў демократиялық кең массаның иси болып табылады. Бир класстың кишкене ғана бөлимине сүйенетуғын революциялық күштиң ҳәкимиятты басып алыўы халық ушын үлкен бахытсызлық болып табылады. Россия ҳүкимети елдиң демократиялық барлық күшлериниң бирлесиўи тийкарында қурылыўы тийис. Тек ғана сондай ҳүкимет күшли ҳәкимият қура алады, анархияны бастырады ҳәм елди халықтың арзыў-әрманлары болған «Учредительное собрание» мәжилисине алып келеди. Усы принцип қалалық Думалар съезди жумысында басшылыққа алынады деп исенеди»

[1]ҚР ОМА, 16-фонд, 1-опись, 1-дело, 28 — 29-листлер.

деген мәнисте Петроалександровск қаласы ҳәкими Ф.М.Корнилович қол қойған телеграмма жиберилди.[1]

18-ноябрь күни Петроалександровск қаласы жәмийетлик шөлкемлериниң бирлескен мәжилисинде «Петроалександровск қаласына йомуд баспашылары тәрепинен қәўип туўмақта. Гарнизон аз санлы. Солдатлар ҳәм рабочийлар Совети, Кәсиплик аўқам комитети, қалалық өзин-өзи басқарыў ҳәм комиссариат төрт жүз солдат жиберип гарнизонды толықтырыўды өтиниш етеди» деген мазмунда Ташкентке телеграмма жиберилди. Демек, бул мазмундағы телеграмма Петроалександровск қаласындағы барлық сиясий шөлкемлердиң сырттан келген қәўип алдында бирлескенин билдиреди. В.А.Чанчиков, Т.Т.Лушников, Беляев, Буйвич, И.И.Першин қурамында ерикли пуқаралардан дружина шөлкемлестириў ушын комиссия дүзилди.

1917-жылдың декабрь айларындағы тарийхый ўақыялар көбинесе еске түсириўлер негизинде тикленген еди. Демек, Әмиўдәрья бөлиминдеги сиясий, экономикалық ҳәм мәдений турмыс еске түсириўлерде қалайынша сәўлеленгенлигин айтып өтейик. Совет ҳәкимиятын орнатыўға қатнасқан сиясий күшлердиң тең салмақлығы қандай болды? Усы тарийхый ўақыялардың орайы есапланған Петроалександровск қаласын сыпатлаўдан баслаймыз.

Ураллы казак Г.Л.Капустинниң яднамасында европалы Петроалександровск қаласы төмендеги түрде сәўленленип қалған еди: «Қала таза, бир этажлы жайлары бар, тереклери ҳәм мийўелери көп. Қалада кишигирим әскерий гарнизон орналасқан, пахта тазалаў заводлары рабочийлары жасайды, мәмлекетлик мәкемелер чиновниклери хызмет етеди, өнерментшилер ҳәм саўдагерлер жасайды. Әмиўдәрья бөлиминде бирден бир болған 75 оқыўшысы бар еркек қала училищеси ҳәм 30 оқыўшысы бар қызлар училищеси, 10 адамға есапланған пуқаралық емлеўхана, әскерий лазарет ислеп турыпты. Петроалександровск онша раўажланбаған санаатына ийе. Пахта тазалаў заводлары, кишигирим пиво заводы, лимонад ислеп шығарыў кәрханасы... Мине усылар ғана болғаны. Бул чиновниклер, полицияшылар, саўдагерлер, майда меншик ийелери өнерментшилер менен киши саўда дүканларының ийелери турған қала»[2]. Совет тарийхнамасында мине усы қала большевиклер

[1] ҚР ОМА, 16-фонд, 1-опись, 1-дело, стр 31 — 32.

[2]**Капустин Г.** В низовьях Амударьи. — Нукус, 1967. — 6, 8, 39 б.



аўдарыспағы қорғаны ретинде сыпатланған еди[1]. Г.Л.Капустинниң бақлаўлары бойынша қалада «чиновниклер, полицейскийлер, саўдагерлер, киши меншик ийелери» жасаған.

Әмиўдәрья бөлиминде Г.Л.Капустинниң мағлыўматы бойынша 192 мыңнан аслам қарақалпақлар, өзбеклер, қазақлар, түркменлер, парсылар, ассирийлер, белуджилер, аўғанлар, азербайжанлардың әўладлары жасаған. Сүргинге жиберилген ураллы казаклар Петроалександровск қаласына жақын жерде өзлериниң посёлкасын қурған. Олар Нөкисте, Ақдәрья бойларында, Мойнақ ярым атаўында жасаған. Олардың майда посёлкалары Нөкистен баслап Әмиўдәрья бойлап теңиз атаўларына шекем қурыла баслаған[2]. Г.Л.Капустинниң ураллы казаклардың турмысын, диний исенимлерин сыпатлаўы, олардың большевиклер аўдарыспағын қоллап-қуўатлайтуғын сиясий күш емес екенлигин билдиреди.

Деген менен, 1953-жылы ўатандарлық тарийхнамада тарийхшы А.Тетюшевтиң жеңил қолы менен Петроалександровск қаласында совет ҳәкимиятының орнаўы ҳаққындағы мағлыўмат пайда болды: «1917-жылы 11-декабрьде рабочийлар ҳәм гедей дийқанлар большевиклер басшылығында Петроалександровск қалалық Думасының атқарыў комитетин аўдарып таслады ҳәм усы заматтан баслап барлық ҳәкимият рабочийлар, дийқанлар ҳәм солдатлар депутатлары Петроалександровск Советиниң қолына өтти, бул Совет пүткил Әмиўдәрья бөлиминде совет ҳәкимиятының басқарыўшы орайы болды»[3].

Бир неше жыллардан кейин большевиклер аўдарыспағының 40 жыллық юбилейи қарсаңында бул әпсананы тарийхшы Я.М.Досумов және раўажландырды: «Большевиклер топары басшылығында Петроалександровск рабочийлары, революцияшыл солдатлары, матрослары ҳәм қала гедейлери, казак жүзликлерин бийтәреплестирип, «контрреволюциялық элементлерди қуралсызландырып, 1917-жылы 11 — 12-декабрь күнлери қурал-жарақ пенен буржуазиялық Ўақытша ҳүкимет ўәкиллерине қарсы шықты, пролетариат диктатурасының Советлер мәмлекетлик формасын орнатты»[4].

[1]**Досумов Я.М.** Очерки истории Каракалпакской АССР. 1917 — 1927 гг. — Ташкент, 1960. — 167 б.

[2]**Капустин Г.** В низовьях Амударьи. 7 б.

[3]**Тетюшев А.** Великая Октябрьская революция в Каракалпакии // «Советская Каракалпакия» газетасы, 1953-жыл 6-ноябрь.

[4]**Досумов Я.М.** Қарақалпақстанда Совет властының орнатылыўы. —Нөкис: ҚҚМБ, 1957.— 28-бет.

Бир жылдан кейин бул әпсананың даўамы пайда болды: «Совет ҳәкимияты сондай ақ Шорахан, Сарыбий, Шаббаз, Бий-Базар, Мойнақ ярым атаўларында орнады»[1].

Он жылдан кейин бул тарийхый ўақыялар төмендегише толықтырылды: «Большевиклер басшылығында солдатлар, рабочийлар ҳәм батрақлар 1918-жылдың 1-январына совет ҳәкимиятын Шымбай ҳәм Нөкисте орнатты. Солай етип,1918-жылдың басында Қарақалпақстанда (Тамды районы ҳәм Әмиўдәрьяның сол жағалығынан басқа) социалистлик революция жеңип шықты»[2].

Бул әпсана кейининен китаптан китапқа, улыўмаластырылған мийнетлерден мийнетлерге шекем көшип қонып жүрипти. Ҳәттеки кейинги жыллары баспадан шыққан лицейлерге арналған С.Камалов, Қ.Сарыбаев, М.Карлыбаев, М.Сарыбаевлардың сабақлығында да бул әпсана сол турысында берилген.

Енди Я.М.Досумовтың 50 жылдан аслам ўақыт өмир сүрип атырған «Әмиўдәрья бөлиминде совет ҳәкимиятының орнаўы» тарийхый сәнелерин атап өтейик:

1917-жыл 11-декабрь. Әмиўдәрья бөлими рабочийлар, солдатлар ҳәм мусылманлар депутатлары Совети Түркстан үлкеси Халық Комиссарлар Кеңесиниң 1917-жылғы 10-декабрьдеги «Жергиликли жерлердеги Советлерди шөлкемлестириў Режесин» телеграф арқалы алды.

Усы күни Петроалександровск большевиклери В.Крошилов, Н.Сладков, И.Косьяненко, Д.Головяшкин, И.Савинов, У.Тынымбаев, Х.Алиев, Шарипов, И.К.Полоник, И.И.Босый, И.И.Бринкман, И.Т.Киселев, М.Задорожный ҳәм т..б. басшылығында казармаларда, кәрханаларда ҳәм мәкемелерде «Жоқ болсын буржуазиялық Ўақытша ҳүкимет», «Рабочийлар ҳәм дийқанлар көсеми В.И.Ленин жасасын!», «Совет ҳәкимияты жасасын!», «Большевиклер партиясы жасасын!» деген сүренлер менен ғалаба митинглер өткерилди.

12-декабрь күни саат 12де революцияшыл солдатлар, матрослар, рабочийлар менен қала гедейлериниң демонстрациясы белгиленди.

---

[1]**Досумов Я.М.** Победа Великой Октябрьской социалистической революции в Каракалпакии.— Ташкент: Изд-во АН УзССР, 1958. 62 б.
[2]**Досумов Я.М.** Становление партийной организации Каракалпакии // «Советская Каракалпакия» газетасы, 1969-жыл, 1-апрель.



Большевиклер басшылығында Петроалександровск қаласының революцияшыл күшлери усы күни, казак жүзликлерин бийтәреплестирип, контрреволюциялық элементлерди қуралсызландырып, қан төгиспесиз қалада Советлердиң ҳәкимиятын орнатты[1].

«1917-жылдың 11 — 12-декабрьлеринде совет ҳәкимиятының орнаўы ҳаққындағы» әпсананы қоллап-қуўатлаўшы тарийхшылар әдетте Н.И.Востриков, А.Т.Пискунов, Н.Маўленов, Ж.Аташев, А.И.Понятовлардың еске түсириўлерине сүйенеди. Деген менен, бул еске түсириўлерди тыңлап көрейик.

Н.И.Востриков 1957-жылы баспадан шыққан еске түсириўлер топламында былай деп жазады: «Әмиўдәрья бөлими халқы революцияшыл солдатлар ҳәм олардың көсемлери большевиклер Н.Сладков, В.Крошилов ҳәм басқалар шығып сөйлеген митинглерде Уллы Октябрь социалистлик революциясын «Көсемимиз Владимир Ильич Ленин жасасын!», «Рабочийлар ҳәм дийқанлар ҳәкимияты совет ҳәкимияты жасасын!», «Большевиклер жасасын!», «Капиталистлер ҳүкимети жоқ болсын» деген сөзлер менен күтип алды»[2]. Бул жерде «революцияны күтип алды» деп жазылған. Қуралсызландырыў ҳәм бийтәреплендириў ҳаққында сөз жоқ. Н.И.Востриков «гарнизон әскерлери демобилизация боды, олар үйлерине қайта баслады. Айрым солдатлар менен бурынғы офицерлерден басшылары ғана 1918-жылдың бәҳәрине шекем қалды» деп тастыйықлайды.

Петроалександровск ҳәм Әмиўдәрья бөлиминен әскерлер қайтқаннан кейин, сондай ақ Хийўа ханлығынан 738-ши дружина кеткеннен кейин Әмиўдәрьяның төменинде, Нөкис, Шымбай, Қоңыратта Жунайыдхан ләшкерлери халықты тонаўға киристи. Ал 1917-жылы декабрьде дүзилген Петроалександровск Советинде ҳәм мәмлекетлик мәкемелерде Керенский дәўиринде ислеген чиновниклер қалған еди» деп тастыйықлайды Н.И.Востриков.

Енди Жаңа Үргенчтеги европалы халықтан дүзилген өзлерин өзлери қорғаў отряды ағзасы Анатолий Титович Пискуновтың еске түсириў-

---

[1]**Досумов Я.М.** Очерки истории Каракалпакской АССР.— Ташкент: Изд-во АН УзССР, 1960.— 100-бет.
[2]**Востриков Н.** Военно-революционные события в Аму-Дарьинском отделе и Хорезме // Октябрьская социалистическая революция и гражданская война в Туркестане. Воспоминания участников/ Гл.ред. М.Ю.Юлдашев.— Ташкент: Госиздат УзССР, 1957.—483-бет.

лерин оқып көрсек, көз-қарасымыз жəне өзгереди: «Петроалександровск гарнизоны солдатлары жергиликли рабочийлар, дийқан гедейлер, майда хызметкерлер жəрдеминде Ўақытша ҳүкимет ўəкиллериниң ҳəкимиятын аўдарғаны ҳəм өзлериниң Совет ҳəкимиятын жəриялағаны белгили болды. Ҳақыйқатын айтқанда, совет ҳəкимияты туўралы мен де ямаса мениң таныcларымда түсиник жоқ еди».[1]

Александр Иванович Понятов С.Б.Синебрюков, А.Ф.Телегин, И.В.Гадецкий, Н.М.Сладковлар менен бирге Əмиўдəрья бөлими əскерий штабы начальниги қараўына 1917-жыл 15-сентябрьде жиберилген еди. А.И.Понятов былай деп жазады «1917-жылы октябрь-ноябрь айларында большевиклер топары басшылығында Петроалександровск гарнизоны солдат депутатлары Советине қайта сайлаўлар болып өтип, нəтийжеде революцияшыл солдатлар менен офицерлер ўəкиллери сайланды. 1917-жыл ноябрьде солдат ҳəм рабочийлар депутатлары Совети, қалалық өзин-өзи басқарыў, жəмийетлик комитет, кəсиплик аўқам, комиссариатлардың қоспа мəжилисинде бес адамнан комиссия дүзип, ериклилердиң дружинасын шөлкемлестириўге қарар қабыл алынды. Солдатлардың жəрдеминде Петроалександровск большевиклери 1917-жылы 11 декабрьде ғалаба жыйналыслар, казармаларда митинглер шөлкемлестирди, «Советлер ҳəкимияты жасасын!», «Большевиклер партиясы жасасын!» деген сүренлерди алға сүрди. Солай етип, 1917-жылы 11-декабрьде дружина барлық қарыў-жарақты өз қолына алды, ал 12-декабрьде ҳəкимият Петроалександровск Совети қолына өтти».[2]

А.И.Понятов тарийхшы Я.М.Досумовқа былай деген: «1917-жылы Төрткүлде Синебрюков, Гадецкий ҳəм Сладков басшылығында 80 адамнан ибарат қорғаныў дружинасы дүзилди, сол жылы дружина Төрткүлдеги Керенскийдиң ҳүкиметлик əскерлерин қуралсызландырып, барлық қарыў-жарақты өз қолларына алды».[3]

Жума Аташев Петроалександровск қызылгвардияшылар дружинасына 1918-жылдың басында жазылған еди, «Советте басым көпшилик

---

[1]**Пискунов А.Т.** Годы огневые. Воспоминания. — Нукус: Каракалпакия, 1970. —стр 30 — 31.

[2]**Понятов А.И.** К победе нас партия вела // Они боролись за Советскую власть. Воспоминания участников Октябрьской революции и гражданской войны в Каракалпакии. Нукус, 1977. — 25-26-бетлер.

[3]**Досумов Я.М.** Очерки истории Каракалпакской АССР. 100 б.



меньшевиклер менен солшыл эсерлер еди, мысалы Совет баслығы Берсудский, Памшев, Колосов, Щапов ҳəм басқалар»[1] — деп тастыйықлайды.

Нурназар Маўленовте «Петроалександровск қаласында 1917-жылы декабрьде Совет ҳəм мəмлекетлик мəкемелер дүзилип, олардың қурамына Керенскийдиң дəўириндеги чиновниклер кирди, олар қаланы Жунайыдханның көп санлы атлыларынан қорғаўды шөлкемлестириўде ҳеш нəрсе қылмады»[2] деп тастыйықлайды.

Назир Шоликаров пенен Хийўадан Ташкентке 1917-жылы декабрьде қашқан Палўанияз Юсупов 9-декабрьде Бийбазарда болған. Бул жерден Қызылқум арқалы 17-декабрь күни Ташкент-Оренбург темир жол линиясының Қазалы станциясына жеткен. Қашқынлар Əмиўдəрья бөлиминиң сиясий турмысында кескин өзгеристи сезбеген, пуқаралар өз турмысы менен жасай берген[3].

Əмиўдəрья бөлиминде совет ҳəкимиятының орнатылыўына арналған еске түсириўлерден үзиндилер келтире бериўдиң зəрүрлиги жоқ деп ойлаймыз. Себеби еске түсириў жазған адамлар социаллық буйыртпаның күшин сезди ҳəм аўдарыспақтың ҳəр юбилейинде жоқарыдан көрсетпе пенен жазыўға мəжбүр болды. Демек, жыллар өткеннен кейинги жазылған еске түсириўлерде ҳақыйқатлық бурмалана береди.

---

[1]Бул да сонда. 7-бет.

[2]**Мауленов Н.** За счастье народное // Они боролись за Советскую власть. Воспоминания участников Октябрьской революции и гражданской войны в Каракалпакии. — Нукус, 1977. 49 б.

[3]**Юсупов Полвонниёз Хожи.** Ёш хиваликлар тарихи. Хотиралар. — Урганч: Хоразм, 1999.—152 — 154 бетлар.

## 3.7. Совет ҳәкимиятының орнатылыўы ҳаққында жаңа пикирлер

Әмиўдәрья бөлиминде 1917-жылы декабрьде ҳақыйқый болып өткен тарийхый жағдайлардың картинасы ҳәзирги заман Қарақалпақстан тарийхнамасында суўретлене баслады[1]. Б.А.Коцановтың пикиринше, 1917-жылы 15 — 22-ноябрьде большевиклер менен солшыл эсерлер биргеликте дүзген Түркстан үлкеси Халық Комиссарлар Кеңеси аймақта денеге жат нәрсе сыпатында болып, Орайлық совет ҳәкимиятының агентлери еди».[2] Сонлықтан да Әмиўдәрья бөлими басшылары Ташкенттен жергиликли Советлерди шөлкемлестириў жөнинде көрсетпени алып, 11-декабрьде орынлады. Бул жерде жоқарының буйрығын орынлағаны жөнинде гәп болыўы мүмкин.

А.У.Хожагелдиев, Б.А.Коцановтың бул пикирин раўажландыра отырып, «Петроалександровск қаласында барлық ҳәкимиятты солдатлар ҳәм рабочийлар депутатлары Совети тек ғана 1918-жылы гүзде алды. Соған шекем, қалада Совет пенен қалалық Дума бир бири менен татыў жасады ҳәм ўазыйпаларын атқара берди. Қаладағы еки ҳәкимият та азық-аўқат апатшылығын жеңиў, жумыссызлықты шешиў, қаланы Жунайдханның көп санлы отрядларынан қорғаў ушын ат салысты» деп жазды.[3]

«Қарақалпақстан миллий зыялылары, мусылман руўханыйлары, саўдагерлер Россия ҳәм Түркстан орайларындағы жүз берип атырған ўақыялардан хабардан еди, сонлықтан Шығыс халықларына тән сабырлылық пенен кескин сиясий ўақыяларды бақлап отырды»[3] деп жазады М.Сейтназаров.[1]

Н.Востриков, А.Пискунов, Ж.Аташев, Н.Маўленовлердиң еске түсириўлерин талқылай отырып, К.Адинаев, А.Христофоров, А.Досназаров, М.Бальджанов, Н.Шайдаковлардың баянламаларын илимий айланысқа салып, М.Сейтназаров «1917-жылдың ақырында 1918-жылдың биринши ярымында Әмиўдәрья бөлиминиң сиясий жағдайы төрт ҳәкимиятлылық пенен сыпатланады: Әмиўдәрья бөлими комиссариаты, Жәмийетлик қәўипсизлик Комитети, Солдатлар ҳәм рабочийлар депутатлары Совети, Қалалық Дума» деген пикирге келеди.

«Ўзбекистон янги тарихи» мийнетиниң екинши китабында Б.А.Коцанов Әмиўдәрья бөлиминде совет ҳәкимиятының орнатылыўы жөниндеги ҳәзирги заман тарийхнамасының жетискенликлерин төмендегише жәмлестирди: «Россиядағы октябрь аўдарыспағы Қарақалпақстанда ҳеш қандай шаўқымсыз, топалаңсыз қабыл қылынды, себеби ҳәкимият басында бурынғы колонизаторлар ҳәм патша әмелдарлары турар еди. Петроалександровск қалалық Думасы қурамындағы абыройлы қурғын пуқаралар қатламы большевиклердиң ҳәрекетлерин мақулламады. Сондай болса да аўдарылып тасланған Ўақытша ҳүкиметтиң бул органы 1918-жылдың ақырына шекем жасап турды. 1917-жылдың 31-октябринен 1918-жылдың октябрине шекем Әмиўдәрья бөлими комиссары лаўазымын гидротехник В.Н.Памшев ийелеп турды. Бул дәўирде ҳәкимият системасында кескин өзгерислер жүзеге келмеди: Әмиўдәрья бөлими комиссары, Шымбай ҳәм Шорахан уездлери комиссарлары, Петроалександровск қалалық Думасы, жәмийетлик қәўипсизлик комитети өз ўазыйпаларын атқарыўды даўам етти. 1917-жылдың март айында шөлкемлестирилген Петроалександровск қалалық солдатлар Совети искерлик көрсете алмады, қаладан тысқарыда өз ҳәкимиятын әмелге асыра алмады. Әмиўдәрья бөлими қурамындағы аўыл ҳәм қышлақлар халқы Петроалександровск ҳәкимиятларынан ҳеш қандай әскерий ҳәм материаллық жәрдем ала алмай, өзлерин-өзлери қорғаў отрядларын дүзди, оларға абыройлы урыў көсемлери Убайдулла Бәҳәўатдинов (Хан мақсым), Бала бий ҳәм басқалар басшылық етти. Халық урыў көсемлери әтирапларына бирлесе баслады, себеби ашлық,

---

[1]**Коцанов Б.А.** Большевики в Туркестане. 1917 — 1922 гг. доктрина и реальность. — Докторлық диссертация авторефераты. — Москва, 1994; Хожагелдиев А.У. История города Турткуля: 1873 — 1941 гг. — Кандидатлық диссертация авторефераты. — Нукус. 1996; Коцанов Б.А., Сейтназаров М.С. Революция? Вторжение? События в Хивинском ханстве (1919 — 1920 гг.).— Нукус: Билим, 1997; Сейтназаров М.С. История национально-освободительного движения в Каракалпакстане (1917 — 1920 гг.). — Кандидатлық диссертация авторефераты. — Нукус, 1999; Коцанов Б.А. Қорақалпоғистон шиддатли ўзгаришлар даврида (1917 — 1924 йиллар) // Узбекистоннинг янги тарихи. Иккинчи китоб. Узбекистон совет мустамлакачилиги даврида.— Тошкент: Шарк, 2000. — 302 — 310 бетлар.

[2]**Коцанов Б.А.** Большевики в Туркестане. 1917 — 1922 гг.: доктрина и реальность ... 28 б.

[3]**Кожагелдиев А.У.** История города Турткуля: 1873 — 1941 гг. ... 16 б.



---

[1]**Сейтназаров М.С.** История национально-освободительного движения в Каракалпакстане (1917 — 1920 гг.)... стр 12.

қарақшылық хүжимлери, тәртипсизлик хәм қурғақшылық қәўип салып атыр еди»[1].

Петроалександровск 1917-жыл 10-декабрьде «Жергиликли советлерди шөлкемлестириў ҳаққындағы» Түркстан үлкеси Халық Комиссарлар Кеңесиниң Режесин алған болса да, бул көрсетпе қатты қарсылықларға дуўшар болды хәм 1918-жыл 25-мартқа шекем орынланбады.

Ҳәзирги заман тарийхнамасында Петроалександровск қалалық Думасы хүжжетлерине итибар болмай атырыпты, сонлықтан бул ҳәкимият тарийхы бойынша жаңа архив хүжжетлерин илимий айланысқа енгизиўди даўам етемиз.

1917-жыл 18-декабрьде қала ҳәкими Ф.М. Корнилович, Дума ағзалары К.М. Кузьмин,, М.Берсудский, И.И.Бекчурин, К.А.Китаев, Д.М.Липилин, И.А.Мальцев, Н.И.Мусабеков, К.В.Новиков, В.Н.Памшев, А.Р.Равилов, В.М.Самборский, А. Садыков, Р.Турашов, А.А.Щаповлар қурамында өткерилген мәжилисте жергиликли азық-аўқат комитетиниң гөш дуканын ашыў, қала қазнасынан 600 рубльге мал гөшин сатып алыў, ураллы казаклар арасында арзан мал гөшиниң баҳасын билиў, ўақытша бир килограмм мал гөшине 40 тийин, қой гөшине — 60 тийин баҳа қойыў, азық-аўқат комитетине бир жыл мүддетке бийпул қала ишинен огород бериў, Әмиўдәрьяның Хазарасп ҳәм Қарабағ өткеллеринен алынатуғын бажы пулларды қала қазнасына алыў, қаланың өзиниң қайықларын қурыў ушын қаржы ажыратып шығарыў мәселери додаланды[2].

28-декабрьде Қалалық дума мәжилисиндеВ.Н.Ахлоповтың орнына К.В.Новиков Дума баслығы болып сайланды. Мәжилисте муғаллимлерди әскерий хызметтен ўақытша босатып, ғалаба мектептен тысқары оқытыў ислерине тартыў, 16 декабрьден баслап Петроалександровск мусылман аўқамының дузилгенин инабатқа алыў, базардың нырқын есапқа алған жағдайда бир килограмм мал гөшиниң баҳасын 60 тийин деп белгилеў мәселелери қаралды.[3]

1918-жыл 10-январьдағы мәжилисинде қалалық Дума қала ҳәкими лаўазымына А.Равиловты сайлады хәм оған жылына 1200 рубль айлық

---

[1]**Кощанов Б.А.** Қорақалпоғистон шиддатли ўзгаришлар даврида (1917 — 1924 йиллар) // Ўзбекистоннинг янги тарихи. Иккинчи китоб. Ўзбекистон совет мустамлакачилиги даврида. — Тошкент: Шарқ, 2000. — 302 — 303-бетлар.

[2]ҚР ОМА, 16-фонд, 1-опись, 4-дело, 7 — 8.

[3]ҚР ОМА, 16-фонд, 1-опись, 1-дело, 43 — 44.



белгиледи. Ташкенттен қала милициясы ушын «ГРА» системасындағы 100 винтовка 1200 патроны менен соралып оларды сатып алыў ушын 3300 рубль қала қазнасынан ажыратылып шығарылды.

Жоқарыда илимий айланысқа түсирген жаңа архив материаллары Петроалександровск қалалық Думасының заманның алағат болып турғанына қарамастан қала турғынлары ушын үлкен хызмет ислегенинен дәрек береди.

Қарақалпақстан пуқаралары 1918-жылды үлкен тәшўишлер менен күтип алды: қақаман суўықлы қыс, ашлық-әптадалық халықтың мойнына түсти. Түркстан үлкесине 1918-жылы февраль айында Россиядан 56 вагон ғәлле келген еди. Деген менен Ташкенттен алыста жайласқан Әмиўдәрья бөлими бул ғәлледен де өз үлесин ала алмады.[1]

1918-жылы 6-январьда Оренбург казаклар полкы Хийўа ханлығын таслап үйлерине қайтты. Хийўа ханлығы пуқаралары Жунайыдханның зулымлығына дуўшар болды. Оның атланысынан қорыққан ураллы казаклар Қызыл-Жар, Заир, Ақдәрья бетлерге қоныс аўдарып кетти. Жергиликли халық та баспашылардың топылысына таярлық көре баслады.

«Орайдағы бийбастақлықлар шет жердеги халықты өзлерин қорғаныў ислерин өз қолына алыўға мәжбүр етип атырыпты» — деп Түркстан мухторияти басшысы Мустафа Чоқаев айтты.[2] Жәдидлер басшыларының бири Абдурауф Фитрат көрегенлик қылып: «Ғәрезсизликти алыў керек хәм услап турыў керек. Миллет буған таяр болыўы тийис»[3] — деп жазды.

Ҳәкимиятқа шыққан Түркстан комиссарлары, өзлеринше қаҳарман, айрымлары Напалеон Бонаparтттың қылышына уқсап өзлериниң «шорпаларында писти». Олардың ҳәкимияты жуўапкерсизлик, қадағалаўсыз, теңсизлик, тиранлық ҳәкимиятқа айланды, халқымызға қымбатқа түсти.

---

[1]**Ражабов К., Хайдаров М.** Туркистон тарихи. — Тошкент, 2002. — 67-бет.

[2]**Чокай оглы Мустафа.** Туркестан под властью Советов. К характеристике диктатуры пролетариата. — Париж: Яш Туркестан 1935.—26 б.

[3] Жадидчилик: ислоҳот, янгиланиш, мустақиллик ва тараккиёт учун кураш. Тошкент, 2000. — 45-бет.

# 4-БАП. БИРИНШИ ЖӘҲӘН УРЫСЫ ЖЫЛЛАРЫНДА ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ХАЛЫҚЛАРЫ МӘДЕНИЯТЫ

## 4.1. Халық билимлендириўи. Жәдидлер тәсири

Биринши жәҳән урысы қыйыншылықларына қарамастан, Қарақалпақстан аймағында ең көп таралған оқыў орынлары мектеп ҳәм медреселер болды.

Мектеплер ҳәр бир аўылда болып, қәўим мешитлери жанында, ал гейде өз алдына да ашылатуғын болған. Мектеп муғаллими болған моллалар жергиликли халықтың сол мешит-қәўимниң ағзаларынан жыйналған «мектеп пулы»на күн көрип, мектеп ашқан.

Мектеп балаларды басланғыш саўатқа үйретиў хызметин атқарған. Дерлик ерте заманда дүзилген мектептеги оқыў бағдарламасына XX әсирдиң басларына шекем айтарлықтай өзгерис киргизилмеген еди.

Мектеп ҳәм медреселерде айырым арнаўлы сабақлар да болған. Солардан «Ахлақ дарслары», «Талхи аўўал» ҳ.т.б. соған уқсаған китапларда жоқары әдеплилик мәселелерине бағышланған қағыйдалар орын алған.[1]

Мектепте оқыў системасының шекленгенлигине қарамастан, жеткиншек әўлад тәрепинен руўхый баҳалылықларымызды, байлықларымызды қабыл етиў процеси, яғный халықтың, миллеттиң жәмийетлик-нормативлик мәдениятының жеткиншек әўлад тәрепинен өзлестирилиў процеси өтетуғын еди. Қала берсе, мектеп бул әўладты сол дәўирдеги мәденияттың қоршап турған дүньясына киргизетуғын еди.

Биринши жәҳән урысы жылларында Қарақалпақстан аймағында 70 ке жақын медресе болған. Бир ғана Әмиўдәрья бөлиминде 1895-жылы 58 медресе болған, ал Хийўа ханлығындағы қарақалпақ аймағында онлаған медресе ислеп турған[2].

Ең ири медресе сыпатында танылғанлардан Қарақум ийшан медресеси менен «Тас медресе» болды. Булардан басқа Жантемир ийшан, Имам ийшан, Айымбет ийшан, «Хан мешит», Әбсеттер ахун, Әбдиқадир ийшан, Айымбет ийшан Қаймақбай улы, Айымбет ийшан

[1]**Камалов С., Есбергенов Х., Қарлыбаев М.** Нравственное воспитание в мектебах низовьев Амударьи // Вестник ККОАНРУ, 1996. №4, 135 — 140 б.

[2]Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX-әсирдиң екинши ярымынан XXI-әсирге шекем Нөкис, 2003, 140-бет.



Оразов, Әбдирейим ахун, Әбдикерим ахун, Ийшан-қала, Ешим ахун, Әсем ийшан, Пирим ийшан, Рахметулла ахун, Қәлендердағлы ҳ.т.б. медреселери болған[1].

Биринши жәҳән урысы жылларында Қ.Әўезов, А.Дабылов, С.Мәжийтов, Ә.Өтепов ҳәм тағы басқалар мусылман медреселеринде оқып, саўатын ашқан зыялылар еди, соңынан мәмлекетлик ғайраткерлер болды.

XX әсирдиң басында жәдидлер ҳәрекети тәсиринде мусылман мектеплери бирқанша өзгерислерге талпына баслайды. Оқыў бағдарламасына дүньялық пәнлер де киритиледи. Бул оқыў орынлары «жаңа усыл» (бизде «төте оқыў») мектеплери деген ат пенен тарийхқа кирди. Жаңа пәнлер менен қоса жаңа оқытыў усылы — ҳәриплик усылдың орнына сеслик оқыў усылы енгизиледи, яғный бурын узын-шубай тәкирарланып жүрген «үстин», «сөкин» белгилери айтылып оқылмай, бирден сеслердиң өзи оқылып, оқыў барысы жеңилленеди. Бундай оқыў усылы тез нәтийже бере баслады. Балалар 5 — 6 айдан соң-ақ оқыўды ҳәм жазыўды үйренди. Егер бурынғы ески мектеплерде бир басқышты (мысалы «ежелеў»ди) өтиў ушын бир-неше ай, ҳәттеки 1 — 1,5 жылдай ўақыт керек болса енди пүткил бир дәўир (толық текстти оқыў үйрениў) 5 — 6 ай ишинде өтиле баслады. Бундай «төте оқыў» мектеплерин Уфа, Қазан ҳәм басқа да Россияның қалаларынан келген татар зыялылары аша баслайды.

Қарақалпақстанда дәслепки «жаңа усыл» мектеби 1907-жылы Петро-александровск қаласында татарлар тәрепинен ашылады. Дерлик усы ўақыттың өзинде-ақ Хожели менен Қоңырат қалаларында да ашылады. Гейпара жаңа мектеплер бурынғы мешитлер жанында да ашылады. «Жаңа усыл» ҳәрекетиниң көрнекли ғайраткерлеринен Қарақалпақстанда Суфизада, С.Мәжитов, Ю.Ахметов, З.Шакиров ҳ.т.б.лар болды.

Мусылман мектеп-медреселери XX әсирдиң 1928 — 1929 жылларға шекем өмир сүрип, халыққа мусылман саўатын таратыў исин даўам етти.

XIX әсирдиң ақыры — XX әсирдиң басларындағы халықтың саўатлылық дәрежесин изертлеўден соң, 1917-жылларға келип, халық

[1]**Карлыбаев М. А.** Мечети и медресе г. Чимбая и его окрестностей // Тезисы и доклады научно-практической конференции «Шахтемир — Чимбай», Нукус, 1995. 35 — 38 б.

сауатлылығы дәрежеси 10 — 15 процентке, ал гейпара жерлеринде оннан да жоқары болғанлығы дәлилленбекте.[1] Кеңес дәўириндеги әдебиятларда қарақалпақ халқының сауатлылық дәрежеси тек 0,2 процентке ғана тең болған, делинген еди. Бунда тек болғаны орыс-түзем мектеплеринде оқып, орысша билетуғынлар ғана есапқа алынған болыўы керек.

Қаракум ийшанлары, қарақалпақ шайырлары, бай хәм бийлери менен тығыз байланыста болған. Ел басында болған ўақыяларға араласқан. Көпшилик қарақалпақ шайырлары, мәденият ғайраткерлери Қаракум ийшанларына суўпы болған. Солардың бири қарақалпақ халқының уллы шайыры Бердақ Ғарғабай улы болған.

## 5.2. Халық әдебияты, фольклоры, тарийхый қосықлары

Қарақалпақ классик әдебияты биринши жәхән урысы жылларында төмендегидей әжайып ўәкиллери тәрепинен раўажландырылып барылды: Аннакул шайыр Мәмбетхожа улы (1841 — 1936 жж.), Кулмурат шайыр Курбаналы улы (1845 — 1926-жж.), Бекжан шайыр Нурым улы (1855 — 1916 жж.), Сыдық шайыр Тоқпан улы (1857 — 1917 жж.); Әбдикәдир шайыр Бекимбет улы (1860 — 1930 жж.), Қазы Мәўлик шайыр (Мәдит қазы Бекмухамед улы (1885 — 1950 жж.), Омар шайыр Сүйирбек улы (1879 — 1922 жж.), Сәпийра шайыр Жайылбек қызы (1892 — 1916 жж.), Жаңабай шайыр Қаратай улы (890 — 1926 жж.), Аяпберген шайыр Мүўса улы (1880 — 1936 жж.), Аббаз шайыр Дабыл улы (1889 — 1970 жж.) хәм басқалар[2].

Биринши жәхән урысы жылларын Аннакул шайыр Мәмбетхожа улы «Көкөзек бойы», «Ораз алды», Қазыўда», «Сайланған ақсақалға», «Дәмен барма болыслықтан» деген шығармаларында, Кулмурат шайыр Курбаналы улы «Қәлендерге», «Залымлар исин үдетти», «Көрин», «Әйекешке», «Бардур», «Жүзбасы», «Шәхәрбай», «Бегдиң көк аты», «Он тоғыз» атлы шығармаларында, Әбдикәдир шайыр Бекимбет улы «Көрдим», «Дәркәр», «Мегзәр», «Керек», «Қызкеткен» шығармаларында,

---

[1]**Карлыбаев М.А.** История народного образования в Каракалпакии в XIX начале XX веков, Автореф. дис. канд. ист. наук. 1995, 19 б.

[2]**Пахратдинов Ә.** XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басларындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы, Нөкис: Билим, 1998, 208-бет.



Бекжан шайыр Нурым улы «Яранлар», «Дигилдик» қосықларында, Сыдық Тоқпан улы «Заман», «Яранлар», «Дәўраным», «Аққапшық» шығармаларында, Қазы Мәўлик «Сағындым», «Курбан-хайт», «Ол неге дәркәр», «Шымбай» циклиндеги қосықларында, Сәпийра менен айтысларында, Омар шайыр Сүйирбек улы «Не пайда», «Көринди», «Айырша», «Елим», «Нәлейин», «Бар екен», «Берермен» шығармаларында, Сәпийра шайыр «Көйлек», «Неге», Жаңабай шайыр Қаратай улы «Қазы ийшан», «Даўыт» шығармаларында, Аяпберген шайыр Мүўса улы «Келте қаш», «Табылмас», Аббаз шайыр «Қырға шыққанда», «Өткен заман қайта айланып келер ме?» деген қосықларында сәўлелендирген.

XIX әсирдиң ақырында Таллықта Қоразбек Разбек улының басшылығында қарақалпақ қыссахан шайырларының мектеби шөлкемлестирилди. Буған сол дәўирдеги саўатлы медресе питкерген шайырлар Сыдық Тоқпан улы, Әбдикәдир Бекимбет улы уксаған илимли, күшли адамлар тартылды. Соң бул мектепке Зулабий, Сейфулғабит, Қазы Мәўлик, Аяпберген, Әўезмурат уқсаған талантлы шайыр қыссаханлар жәмленди[1].

XX әсирдиң басында Шымбайда Қазы Мәўлик басшылығында қарақалпақларда екинши қыссахан шайырлар мектеби шөлкемлести. Әлбетте бул мектеп Қоразбек мектебиниң дәстүрин даўам еттирди хәм раўажландырды. Буның Қоразбек шайыр мектебинен айырмашылығы, бунда тийкарынан түркий халықлар шығармалары қарақалпақшаланды. Бул мектепте де арабша, парсыша әдебиятлар аўдарылды. Бирақ Қоразбек шайыр мектебине қарағанда арабша, парсыша әдебият аз аўдарылды. Бул мектептиң дөгерегине Аббаз, Қазақбай, Курбанбай, Кәўендер бала, Балтабай, Хилал, Сейтырза уқсаған талантлы шайыр хәм қыссаханлар жәмленген еди. Бул мектеп түркшеден «Гәрип-Ашық», «Гөруғлы», «Юсип-Ахмед», «Саятхан Хамра», «Гулбулбил» уқсаған дәстанларды парсышадан «Ҳилалай пери» дәстанын, Фарабий мийрасларын, Хожа-Ахмед Яссаўий хикметлерин, Наўайы, Мақтумқулы шығармаларын көп санда халық дәретпелерин қарақалпақшалады.

Бул Қазы Мәўлик қыссахан шайырлар мектеби елде хәр тәреплеме раўажланған дөретиўшилик мектеп болды. Бул жерде аўдармашылар, сулыў жазатуғын хаткерлер (катиблер), қыссаханлар тәрбияланып жетилистирилди. Миллий жазба тил нормалары исленип шығарылды.

---

[1]**Пахратдинов Ә.** XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басларындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы, Нөкис: Билим, 1998, 208-бет.

Жәнe де бул мектеп елден, халықтан фольклорды, классикалық әдебият мийрасларын жыйнады. Оларды қолдан қайта жазып, китап қылып елге таратты.

Халықта хәр бир шайырман деген адам қыссахан болды. Ол өз шығармасын, халық дөретпелерин қыссаханлық өнери арқалы елге кең таратты. Елде қыссаханлық жыраў-баксылардан кем орын ийелемеди. Соның ушында қыссаханлықта Әжинияз жолы, Қазы Мәўлик жолы, Аққирпик жолы, Қәўендер бала жолы деген белгили қыссаханлық дәстүрий жоллар қәлиплести.

Биринши жәҳән урысы ўақыялары «Жети үйге бир белдар», «Мәрдикар», «Нәйлейин» тарийхый қосықларын пайда етти. «Залым яўмыт» қосықларында түркмен баспашыларының халқымызға келтирген зыянлары, зорлықлары туўралы айтылады.

Халық арасында аты аңызға айналған тарийхый тулғалар туўралы да қосықлар дөрелген («Ешбай бақсы», «Әўезжан» хәм т.б.).

«Бет ашар», «Той баслаў», «Ҳәўжар», «Сыңсыў» қосықлары қарақалпақ халқының қыз узатыў, ул үйлендириў тойлары менен байланыслы болса, «Жоқлаў» қосығы марҳумды жерлеў дәстүри менен байланыслы.

Ең биринши рет «Алпамыс» дәстаны XIX әсирдиң 80-жылларында қарақалпақ халқына атағы шыққан Бекмухаммет улы Жийемурат жыраўдан россиялы фольклоршы Абубәкир Диваев жазып алып, 1901-жылы басып шығарған[1].

«Едиге» дәстаны биринши мәрте рус изертлеўшиси И.Л.Беляев тәрепинен 1903-жылы шымбайлы Бекимбет жыраўдан жазып алынған[2].

Қарақалпақ халқы арасында ышқы-муҳаббат хаққындағы дәстанлар, халық қосықлары көп тарқалған. Солардан «Ғәрип-ашық», «Саятхан-Ҳамра», «Гөрұғлы» ҳ.т.б.лар халық тәрепинен сүйип тыңланды.

Күлки ямаса анекдот жанрының ҳәммеге белгили образы Өмирбек лаққыны Алдар-көсе, Хожа Нәсиреддин образлары менен бир қатарға қойыўға болады. Өмирбек лаққы хаққында, оның қылықлары, сөзлери туўралы халық арасында кеңнен белгили ҳәм көбинен көп теңсизлик, әдилсизликке қарсы гүресши сыпатында сүўретленеди.

[1]**Хошниязов Ж.** Историко-фольклорная характеристика каракалпакской версии эпоса «Алпамыс». Автореф. дисс. ... канд. фил. наук. Ташкент, 1978. 3-бет.

[2]**Мақсетов К.** Қарақалпақ халқының көркем аўыз еки дөретпелери. Нөкис: Билим, 1996. 307-бет.



Бақсышылық өнери еки мектепке Муўса ҳәм Сүйеў бақсылар мектеплерине бөлинген. Муўса, Сүйеў, Ақымбет, Ғәрипнияз, Арзы, Қутым бақсылардың атлары халық арасында ҳүрмет пенен тилге алынған[1].

ХХ әсир басындағы жәмийетлик-философиялық пикирлердиң ең жақсы дәстүрлерин Аннақул, Қулмурат, Сыдық, Әбдиқәдир, Омар, Қазы Мәўлик, Жаңабай, Сәпиўра, Аяпберген, Сейфулғәбит, Аббаз ҳәм т.б. ағартыўшы шайыр-ойшыллар инам етти.

Қарақалпақ халқының белгили шайыр-ойшылы Сыдық Тоқпан улы (1857 — 1917) өзи жасап атырған жәмийетлик турмысқа үлкени орыслар басып алғаннан соңғы гездеги мәмлекетлик өзгерислерге, оның дүзилисине, басқарыў ҳәм басқыншылық тәртибине дыққат пенен таллаў жасады.

Шайырдың пикиринше, ел басшылары халықтың абаданшылық турмысын ойламағанлықтан, үлкедеги жәмийетлик тәртиплерди, экономиканы дурыс жолға қоймағанлықтан ҳәм ақылдылық пенен шөлкемлестириў ислерин алып бармағанлықтан халық арасында ашаршылық жүзеге келип тарийхый «ақ қапшық» жылы пайда болады (1911). Ол усы ўақыяларға байланыслы жәмийетлик экономикалық темадағы «Ақ қапшық» қосығын дөретип, бунда: «Байлар гедей болды, гедейлер сайыл» деп жазды.

Сондай-ақ, сөз етип отырған дәўирдеги жәмийетлик ой-пикирлердиң мазмунласыўында Әбдиқәдир Бекимбет улының (1860 — 1930) тутқан орны да елеўли болды. Көп нәрселерди билиўге. сиясий санальлығы жетилиискен Әбдиқәдир 1905 — 1907-жыллардағы қарақалпақ үлкесиндеги азатлық хәрекетиниң өсиў жағдайлары менен, сондай-ақ реакция дәўириндеги ҳәм жаңа жәмийетлик көтерилиў жылларындағы (1908 — 1914) ўақыялардан мәлим дәрежеде хабардар болды. Шайыр Россия патшасының 1916-жылы Қарақалпақстаннан мәрдикарлыққа адам алыў хаққындағы буйрығына қарсы шықты ҳәм халықты бул иске наразылық көрсетип, көтерилиске шығыўға шақырды.[2]

Сейфулғабит Мәжитов (1867 — 1938) ел ишинде ағартыў исин жақсылаўды нийет етип, Нөкис болысы Инаятқа қосық пенен хат

[1]**Адамбаева Т.** Революцияға шекемги қарақалпақ музыкасы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1976. 58-бет.

[2]**Әлеўов Ө.** XIX әсирдиң ақыры — ХХ әсирдиң басларындағы қарақалпақ әдебиятындағы ағартыўшылық пикирлер. Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. 36-бет.

жазды (1907). Ески усыл мектеплериндеги қыйыншылықларға салыстырғанда жәдид мектеплериниң жасларға аңсат усыллар менен хат саўат үйретиў жетискенликлерине ийе екенлигин, бул мектеплерде диний сабақлар менен бирге өмирде жийи қолланылатуғын география, арифметика, жер өлшеў ҳәм басқа да дүньялық пәнлерден сабақ берилетуғынын, булар жаслардың ой-өрисиниң раўажланыўына, саналылығының артыўына еристиретуғынын нәзерде тутды.

Омар Сүйирбек улы (1879 — 1920) «Қосшым қапа болма, гелле саў болсын» атлы, адамларды келешекке умтылдырыўшы қосығында «Бизлерди жумсаған орыстың байы, елди көре алмай болдық сахрайы» деп, орысларға жалланып, аўыр мийнет етип жүрген жумысшылардың турмыс азабын шегип жасаўшылығына, орыс капиталистлериниң халықты езип атырғанлығына наразылығын көрсетти.

Аяпберген Муўса улы (1880 — 1936) жәмийетлик-сиясий көз қарасларында заманның жақсыланып дүзлесиўин айрықша излестирди. Аяпберген ақ патшаның ҳәм Хийўа ханының елди басқарыў принциплерине сын көз бенен қарап бул сыяқлы жәмийетлик дүзимде халықтың өз бахтына, ийгиликли әрманларына ерисиўи қыйын екенлигин түсиндиреди. Инсанияттың әдалатсыз жәмийетте бахытлы жасай алмайтуғынлығын баянлады. Усы қыйыншылық жағдайлардан шығысыў ушын халық билимли, илимли болып, наданлықтан қутылыўы тийис. Оқыў-билим, ақыллылық жәмийетти адамгершиликли пәзийлетлерге бай етеди, алға раўажландырады деген сол гезде хәўиж алып атырған ағартыўшылық пикирлерди нәзерде тутып, «Бүгин» атлы қосығында ҳәр бир жеке адамның саўатлы болыўын талап ете отырып жәмийетлик турмысты жақсылаў ушын халыққа ғалаба билим бериўди олардың арасында мәдений ағартыў ислерин жетилистириўди, сонда ел абаданласып, «Бизге келер шадлық заман» деп, жаңа дәўирге, ғәрезсиз, теңликли заманға ерисиўге үмит пенен умтылып жасайтуғынлығын түсиндирди ҳәм буған ерисиў ушын ат салысты[1].

[1]**Алеуов У.** Становление и развитие педагогической мысли в Каракалпакстане. Нукус: Билим, 1996. 118 б.



## ЖУЎМАҚЛАЎ

Тарийхтың ашылмаған ямаса бүркелген бетлери, өткен дәўир методологиясына тийкарланып жазылған бетлери, бурмаланып көрсетилген бетлери бүгинги күни қайта қарап шығылып, миллий ғәрезсизлик идеясы негизинде жазылып кең халық массасына усынылмақта.

Биринши жәҳән урысы ўақыялары Есназар Үсеновтың «Ҳан Мақсым» романында, оның «Ийшан қала. Ғайры журтлардағы қарақалпақлар. Ҳүжжетли өтмиш елеслери» китабында жақсы жазылған. Ш. Сеитовтың төрт китаптан ибарат «Халқабад» роман-эпопеясы, С. Хожаниязовтың «Он сегизинши жыллар еди» повести, Беки Сейтақовтың «Қыз салығы» повести жәрияланды.

Орта Азия халықлары арасында жәдидлер ҳәрекети идеяларының таралыўы, қоңсы аймақларда «жас бухаралылар» ҳәм «жас хийўалылар» ҳәрекетлериниң алып барған үгит-нәсият ислери үлкемиз халықларына тәсир етпей қалмаўы мүмкин емес.

Қарақалпақстандағы биринши жәҳән урысы жыллардағы ўақыялар Түркстанда патшашылық ҳәм совет ҳәкимияты алып барған колониализм сиясатына, зулымына ҳәм ҳүкимдарлығына қарсы қаратылған миллий азатлық ҳәрекети болып, бир-бириниң логикалық даўамы болған. Бул тарийхый ўақыялар улыўма халықлық ҳәрекет сыпатында жәмийеттиң барлық қатлам ўәкиллерин қамтып алған болып, улыўма миллий, улыўма инсаный мәплер ушын, еркинлик ҳәм әдалатлыққа ерисиў жолында алып барылған.

1916-жылғы қозғаландағы тәжирийбелер 1918 — 1924-жыллардағы гүреслерде әҳмийетли сабақ болған ҳәм миллий азатлық ҳәрекетиниң көлеми, бирлесиўи, ғалабалығы дәрежеси жетилисип, раўажланып барған. Колониаль дүзим зулымына қарсы бас көтериў, оған бойсынбаў көринисинде 1916-жылы басланған халық ҳәрекетлериниң мақсетлери буннан былай анық жөнелиске ийе болып барған ҳәм ғәрезсиз мәмлекетшиликти тиклеў ушын гүрес дәрежесине жеткен. Бул гүреслерди шөлкемлестириўде, оларға идеялық мазмун бериўде миллий зиялылар, жәдид ағартыўшыларының роли ҳәм хызмети үлкен болған.

Қарақалпақстандағы 1917-жылғы тарийхый ўақыялар бурынғы коммунистлик идеология шеңберинде жазылған илимий мийнетлерде бул машқалаға бир тәреплеме жантасып, тарийхый дереклерди толық илимий айланысқа енгизбестен, «совет властының салтанатлы жүриси»

деп баҳаланған еди. Сондай-ақ, 1917-жылдың февраль айында болып өткен аўдарыспақтың Қарақалпақстанға тәсири дурыс изертленбеген еди. Қарақалпақстанда 1917-жылғы тарийхый ўақыялардың избе-излик барысы, аўыллардағы турмыс, ел басқарған азаматлар исми-шәриплери, ашлық пенен гүресиў, баспашылардан қорғаныў мәселелери елеге шекем толық сәўлеленбеген.

Биринши жер жүзилик урыс жылларында күшейген экономикалық ҳәм социаллық тараўдағы апатшылық Әмиўдәрья бөлими менен Хийўа ханлығында оғыры үлкен көлемде болды. Азық-аўқат мәселеси сиясий мәселе менен бир қатарда турды. Үлкемиз тек ғана пахта жетистириў аймағы болып, сырттан келетуғын ғәллеге ғәрезли болып қалды, өзлериниң жетистиретуғын ғәллеси тек 30 % қурайтуғын еди. Урыс себепли, темир жол транспорты қыйралыўынан 1916-жылдың ақырында үлкеге ғәлле алып келиў кескин тоқтады. Бунын үстине 1916 — 1917-жыллардың қатаң қыс айлары ҳәм 1917-жылдың бәҳәриндеги суў тамтарыслығы жағдайды кескинлестирди. «Туркестанские ведомости» газетасы 1917-жылы 29-апрель күни «Түркстан тарийхында бундай аўыр жыл болған емес» деп жағдайды баянлады.

Россиядағы октябрь аўдарыспағы Қарақалпақстанда ҳеш қандай шаўқымсыз, топалаңсыз қабыл қылынды, себеби ҳәкимият басында бурынғы колонизаторлар ҳәм патша әмелдарлары турар еди. Петроалександровск қалалық Думасы қурамындағы абыройлы қурғын пуқаралар қатламы большевиклердиң ҳәрекетлерин мақулламады. Сондай болса да аўдарылып тасланған Ўақытша ҳүкиметтиң бул органы 1918-жылдың ақырына шекем жасап турды. 1917-жылдың 31-октябринен 1918-жылдың октябрине шекем Әмиўдәрья бөлими комиссары лаўазымын гидротехник В.Н.Памшев ийелеп турды. Бул дәўирде ҳәкимият системасында кескин өзгерислер жүзеге келмеди: Әмиўдәрья бөлими комиссары, Шымбай ҳәм Шорахан уездлери комиссарлары, Петроалександровск қалалық Думасы, жәмийетлик қәўипсизлик комитети өз ўазыйпаларын атқарыўды даўам етти. 1917-жылдың март айында шөлкемлестирилген Петроалександровск қалалық солдатлар Совети искерлик көрсете алмады, қаладан тысқарыда өз ҳәкимиятын әмелге асыра алмады. Әмиўдәрья бөлими қурамындағы аўыл ҳәм қышлақлар халқы Петроалександровск ҳәкимиятларынан ҳеш қандай әскерий ҳәм материаллық жәрдем ала алмай, өзлерин-өзлери қорғаў отрядларын дүзди, оларға абыройлы урыў көсемлери Убайдулла Бәҳәўатдинов (Хан мақсым), Бала бий ҳәм басқалар басшылық етти.



Халық урыў көсемлери әтирапларына бирлесе баслады, себеби ашлық, қарақшылық ҳүжимлери, тәртипсизлик ҳәм қурғақшылық қәўип салып атыр еди.

Қарақалпақ халқының уллы ойшыл-шайырлары Аннақул шайыр Мамбетхожа улы, Қулмурат шайыр Қурбаналы улы, Бекжан шайыр Нурым улы, Сыдық шайыр Тоқпан улы, Әбдиқәдир шайыр Бекимбет улы, Қазы Мәўлик шайыр, Омар шайыр Сүйирбек улы, Сәпиўра шайыр Жайылбек қызы, Жаңабай шайыр Қаратай улы, Аяпберген шайыр Муўса улы, Аббаз шайыр Дабыл улы биринши жәҳән урысы мазмунынан өз халқының ғәрезсизлигин, азатлығын нәзерде тутып пикир жүргизди.

## МАЗМУНЫ


Кирисиў ........................................................................................................ 3

**1 - Б А П . Қарақалпақстан 1914 — 1916-жылларда**

1.1. Сол жағалық Қарақалпақ жерлери биринши жәҳән урысы дәслепки жылларында ........................................................................................... 12

1.2. Түркстан үлкеси Әмиўдәрья халқы 1914 — 1916-жылларда .................... 25

**2 - Б А П. 1916-жылғы халық көтерилиси**

2.1. Хийўа ханлығында Хожели көтерилиси ................................................ 32

2.2. Әмиўдәрья бөлиминдеги көтерилис ...................................................... 38

**3 - Б А П . Қарақалпақстан 1917 — 1918-жылларда**

3.1. «Ақ патша»ның қулаўы ........................................................................ 51

3.2. Петроалександровск қаласындағы ҳәкимияттағы өзгерислер ............. 53

3.3. Сиясий гүреске аўыл халқының тартылыўы ....................................... 56

3.4. «Ашаршылық» жылы ............................................................................ 65

3.5. «Ўақытша ҳүкиметке» қарсы экономикалық наразылық ҳәрекети ...... 68

3.6. 1917-жылы Әмиўдәрья бөлиминде совет ҳәкимиятының орнатылыўы ҳаққында тезис ....................................................................................... 72

3.7. Совет ҳәкимиятының орнатылыўы ҳаққында жаңа пикирлер ............ 80

**4 - Б А П . Биринши жәҳән урысы жылларында Қарақалпақстан халықлары мәденияты**

4.1. Халық билимлендириўи. Жәдидлер тәсири ........................................ 84

5.2. Халық әдебияты, фольклоры, тарийхый қосықлары ............................ 86

Жуўмақлаў ................................................................................................ 91





Б.А. КОЩАНОВ, Х. М. ӨТЕГЕНОВ,
Д.Қ. ЖУМАНИЯЗОВ


# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БИРИНШИ ЖӘҲӘН УРЫСЫ ЖЫЛЛАРЫНДА (1914 — 1918-жж.)


«Билим» баспасы,
Нөкис — 2015

Редактор *З. Өсербаева*
Көрк редакторы *И. Сержанов*
Тех. редактор *З. Алламуратов*
Оператор *Г. Серимбетова*

**Лицензия: Al № 108, берилген ўақты 2008-жыл 15-июль.**

Басыўға рухсат етилген ўақты 05.11. 2015-жыл. Форматы 60×84 $^1/_{16}$. «Times KRKP» гарнитурасы. Офсет баспа усылында басылды. Кегль 10. Көлеми 6,0 б.т. 5,58 шәртли б.т. 5,54 есап б.т. Нусқасы 300 дана. Буйыртпа B-38.

«Билим» баспасы, 230100. Нөкис қаласы. Қарақалпақстан көшеси, 9.

**Электрон мәнзил: bilim.baspa@bk.ru**

«FARMA PRINT NUKUS» ЖШЖ типографиясында басылды. Нөкис қаласы, А. Досназаров көшеси, 18-jay.



*Қощанов Бахытбай Абдикеримович 1958-жылы 2-июньде туўылған. ҚМУ тарийх факультетин ағла диплом менен питкерген. Тарийх илимлериниң докторы, профессор. Онбеслеген монография ҳәм китаплардың авторы, еки жүз елиўден артық илимий мақалалар шығарған. Илимий қызығыўшылық тараўлары: тарийхый дерек таныў, тарийхнама, Орта Азияның XX-XXI әсир тарийхы, Қарақалпақстан тарийхы, этнопедагогика, мәденият таныў, ислам дини тарийхы. Елиўден аслам халықаралық әнжуманларда баянат ислеген. Оның илимий басшылығында 11 адам тарийх илимлериниң кандидаты илимий атағын алды.*



*Өтегенов Ҳәкимбай Мақсетбаевич 1983-жылы 19-июльде Қанлыкөл районында туўылған. 10-санлы орта мектепти айрықша баҳаларға тамамлаған. Қарақалпақ мәмлекетлик университетин 2005-жылы бакалавриат, 2007-жылы магистратура бөлимин питкерген. Бир қанша илимий мақалалардың авторы. Онлаған халықаралық ҳәм республикалық әнжуманларда баянатлар ислеген. «XX әсир бириншы шерегинде сол жағалық Қарақалпақстан тарийхы» деген атамада докторлық диссертация таярлап атыр.*



*Жуманиязов Дамир Қуўатбаевич 1980-жылы Кегейли районында туўылған. 15-санлы орта мектепти айрықша баҳаларға тамамлаған. Әжинияз атындағы НМПИ ҳәм Бердақ атындағы ҚМУ ниң тарийх факультетинде билим алған. «Өзбекистан ҳәм Қарақалпақстан тарийхы» кафедрасы үлкен илимий хызметкер изленийўшиси. Ҳәзирги ўақытта Қарақалпақстанның XIX әсир ақыры XX әсир басындағы сиясий-экономикалық, жәмийетлик, мәдений турмысы бойынша илимий изленийўлер алып бармақта. 20 ға жақын илимий мийнетлердиң авторы.*

ISBN 978-9943-4434-7-1

«БИЛИМ»